



GID POU FOMATÈ A

Chemen Lajwa a FÒMASYON DISIP YO

SA SE PWODWI SowAndHarvest.COM

BONTÈ

EVANJELIZASYON AK FÒMASYON DISIP YO



GID POU FOMATÈ A Chemen Lajwa a

FÈ PREMYÈ PA YO KÒM DISIP JEZI

CHEMEN LAJWA A:

Plan Bondye pou letènite

I

ENTWODIKSYON
(Imaj fonsè ki nan bò gòch la)

Asire-w ou te li paj 5 la ak anpil atansyon epi prepare pou leson sa a dapre enstriksyon yo.

KESYON:

Bib la gen 66 liv, 40 otè diferan te ekri pandan yon peryòd 1500 àne, epoutan Bib la rakonte yon istwa ki gen relasyon ak yon bann lòt istwa. Kisa ou panse ak lide sa a?

Kesyon sa a ap ede-w bay kèk enfòmasyon ki gen anpil enpòtans sou plizyè karakteristik inik ki gen nan Bib la, epi w-ap ka evalye etidyan an pou-w ka wè reyaksyon li genyen sou Bib la. Men kèk enfòmasyon pou-w sonje oubyen konplete:

- Chak otè viv yon peryòd istorik diferan, yo soti yon kote diferan, vizyon politik yo diferan, kilti yo diferan, nivo edikasyon yo diferan, okipasyon yo diferan, lavi familyal yo diferan epi karaktè yo diferan.
- Diferan pati ki nan Bib la te ekri nan twa lang sou twa kontinan ki se: Afrik, Azi ak Ewòp.
- Gen anpil pwofesi ki nan premyè pati Bib la ki akonpli deja ak anpil etònman.

OPSYON:

1. **Li enonse sa yo ki prezante la a, aprè sa, etidye tèks bibliik yo.**
2. **Li vèsyon detaye ki gen nan istwa (paj 26 ak 29) epi etidye tèks bibliik yo.**
3. **Kòm lidè, rakonte istwa a nan pwòp mo pa-w, epi etidye tèks bibliik yo.**

Tan ou mete pou leson sa a se pi gwo faktè ki pral detèmine opsyon ou chwazi a. Yon lòt faktè ankò se jan ou pral santi-w, elegans ou genyen pou-w rakonte istwa. Ou ka chwazi yon opsyon ki pi fasil pou ou nan kèk sitiyasyon (egzanp ou ka rankontre istwa-w ak yon pasajè ou rankontre nan avyon oubyen temwanyè ba li, ou ka itilize evènman an ki nan istwa epi rezime sa ou konnen nan pasaj bibliik la).

KKèlkeswa opsyon ou chwazi, li enpòtan pou-w aprann ni anvan, dekwa pou-w ka santi-w alèz lè w-ap rakonte istwa.

PATI PRENSIPAL
(seksyon santral yo)

I: (Mitan, Anlè a) **“Bib la se yon koleksyon ki gen plizyè santèn istwa ki konnekte youn ak lòt.”**

Aprè sa ale dirèkteman nan deklarasyon ki sou liy kwonolojik la epi li-l.

“Men Bib la mete aksan sou yon Gwo Istwa ki gen tout lòt istwa yo ladan-n: Bondye te prepare lavietènèl pou nou depi lontan!”

W-ap eksplike, Bib la divize nan 2 gwo seksyon ki se: Ansyen Testaman ak Nouvo Testaman. Fòk nou di tou nou pral etidye tout 10 evènman yo ki gen chak Testaman sa yo, alèkile, sa pral ede nou fè yon pase sou tout Bib la, epi se la nou pral dekouvri devlopman istwa a.

Fason w-ap chwazi pwen sa a pral baze sou ki opsyon etid ou chwazi. Men kèk sijesyon pwen pa pwen.

1. Si-w dekouvri etidyan an se yon agnostik, pa pèdi tan-w ap diskite ak li sou egzistans Bondye. Yon sèl bagay ankouraje-l pou-l ka retire tout dout ki nan lespri-l jiskaske istwa a fini, epi kite Bib la pale pandan tout pwosesis la.
2. Pran tout prekosyon, pou-w di sa ki nan Bib la sèlman. Si ou ta sispèk etidyan an vle avanse lòt lide ki pa nan Bib la sou kreyasyon an, mande li pou-l ekri kesyon yo konsa nou ka debat yo yon lòt lè. Men tou, fòk ou sonje pou-w debat kesyon sa yo ak etidyan an; pètèt aprè dènyè leson ki nan seri a.



3. *Menm jan tou, si etidyan an vle agimante sou lide evolisyon biyolojik yo, mande li pou-l ekri kesyon yo konsa n-a ka debat yo yon lòt lò. Men mete aksan plis sou konsepsyon bibliki pale sou lòm (moun) nati inik lòm ki sanble ak Bondye ak reponsabilite Bondye te ba li pou-l pran swen kreyasyon an. Mete-w prè pou-w eksplike sa a « Imaj Bondye » vle di tousenpleman, imaj Bondye li te mete nan lòm (itilizasyon tèm jenerik sa a ki se lòm) lòm sanble ak Bondye nan kèk nan atribi li yo tankou : kreyativite, pèsonalite, konesans, kapasite pou-l pale ak lòt moun, sansibilite se atribi sa yo ki fè lòm espesyal nan kreyasyon Bondye a. Li enpòtan pou moun ki fenk kòmanse ap etidye Bib la konprann konsèp sa a ki se lòm nou jwenn nan Bib la, jan Bondye te kreye li depi nan kòmansman. Reyalyte ki dekri lòm nan Bib la bay kè kontan lè n-ap etidye li, paske sa leve diyite moun lè n-ap konpare yo ak yon bann teyori san fondman yon pakèt filozòf ap mete deyò chak jou.*
4. *Lè n-ap reflechi, nou ka di Satan te tonbe soti nan syèl la lontan sa, men nou pa konnen dat kreyasyon an ak dat satan te tonbe soti nan syèl la. Li t-ap pi pratik pou prezante pwèn 1-3 epi fè yon ti retounen deyè.*
5. *Sonje byen 1 Timote 2 :14 fè diferans sa a kote li di se Èv Satan te twonpe, men sanble se Adan ki te dezobeyi ak tout bòn volonte li.*
6. *Ou dwe eksplike lanmò se « separasyon », epi gen twa kalite lanmò : lanmò espirityèl (se separasyon ak Bondye), lanmò fizik (se lè kò a separe ak nanm nan) ak lanmò etènèl (se separasyon ak Bondye pou toutan). Moutre nan tèks la kòman Adan ak Èv te chanje rapidman, epi se sa ki moutre yo te mouri espirityèlman.*
7. *Sa se yon pasaj kle, etidye-l ak anpil atansyon epi reflechi byen pou-w ka eksplike-l byen senp san ou pa bay yon pakèt detay. Pa kouri al di kilès ki ta pral pitit-pitit fanm nan. Kite sekre ki nan istwa devwale tèt li lè moman rive.*
8. *Eseye fè diferans ant de kalite rad yo, fèy fig frans yo ak po bèt yo. Ede etidyan an pou li ka pataje lide pèsònèl li genyen sou diferans sa yo. Lè tout bagay fini, fòk ou sèten etidyan an konprann zannimo inonsan sa yo te mouri pou te ka kouvri lawont ak kilpabilite Adan ak Èv. Sonje byen, pa bay yon pakèt detay sou evènman sa a.*
9. *Nan seksyon sa a, ou dwe eksplike klèman ke Bondye aji nan 2 fason li jije mesyedam yo an menm tan tou li fè yo gras. Adan ak Èv pa-t janm ka jwi benediksyon ki te gen nan bèl jaden sa a ankò paske yo te peche, men si yo te manje fwi pyebwa ki bay lavi a nan eta peche yo te ye, lanmò espirityèl t-ap anpare yo pou toutan, kidonk fòt sa a pa t-ap janm ka korije.*
10. *Sa a se yon pasaj kle, si ta gen posibilite moutre etidyan an imaj tabènak la epi eksplike-l karakteristik li ak fonksyon li. Gen plizyè sitwèb ou ka konsilte k-ap ba ou anpil enfòmasyon sou pwèn sa a tankou: www.thetabernacle-place.com/. Eksplike aktivite yo dekri nan Levitik 1: 1-4, 10 ki te konn fèt sou pavi lotèl bwonz la. Asire-w etidyan an konprann kisa sa vle di lè moun ki vin ofri sakrifis la mete men li sou tèt zannimo a. Si etidyan an konprann evènman sa a, sa-k fèt ladann ak siyifikasyon-l, ebyen, l-ap fasil pou-l konprann sans teyolojik lanmò Kris la.*
11. *Gen anpil bagay yo te pale sou Jezi ki pwòp ak li menm ou dwe deklare yo. Nan liv Matye se la n-ap jwenn yo, yo di kilès Jezi te ye epi ki bagay li ta pral fè.*
12. *Evènman sa a sèvi kòm sipò ant sakrifis yo nan Ansyen Testaman ak konsèp yo aplike pou Jezikri yo. Bay etidyan an posibilite pou-l di sa-lpanse sou deklarasyon Jan Batis la.*
13. *Sou plan teyolojik, sa a se yon aspè enpòtan ki pou penmèt vizyon bibliki nouvo etidyan an devlope plis toujou. Si li wè epi li konprann ke Jezi te Bondye epi li se Bondye, la ou ka di etidyan an sou chemen pou-l gen esperans sa a ki fè pati santral Gwo Istwa ki nan Bib la. Pran yon bon tan an sou pwèn sa a. Mete-w prè pou-w ranfòse Jan 5 ak lòt pasaj ki sanble ak Jan 8:48-59, epi Jan 10:22-33.*
14. *Fòk ou presize nan seksyon sa a Jezi pa-t janm fè sa ki mal, li pa-t janm fè peche. Kidonk, li inonsan sou tout sa yo te ka repwoche-l.*
15. *Istwa brigand ki te repanti sou lakwa se yon egzanz klè e senp ki moutre sa yon moun dwe fè pou-l ka resevwa kado lavietènèl Bondye bay la, li pa bezwen fè yon bann sakrifis pou-l jwi pwovizyon sa a Bondye te prepare pou li ki se lavietènèl ak Bondye pou toutan. Fè-l konnen ke pèsònèlman chak moun koupab devan Bondye, epi li dwe konnen se sèl Jezi ki inonsan, li dwe mete konfyans li nan Jezi, paske se li ki gen pouvwa pou sove lòm pechè sou latè.*
16. *Bay prèv ke Jezi te soti nan tonbo a, eksplike tou poukisa li te enpòtan pou li te leve vivan anba lanmò.*

17. Moutre ke Jezi te leve soti vivan nan tonbo a, men moutre tou li te moute nan syèl ak yon nouvo kò.
18. Eseye konpare evènman sa a ak chit Satan, epi wòl li kòm advèsè ki toujou la nan kreyasyon Bondye a. Se yon bèl egzanp k-ap moutre kòman se Bondye ki granmoun, se li ki gen kontwòl sou tout lanati e menm sou tout fòs ki pi mechan yo nan nati a, se sentete-l ak jistis li ka-p pouse-l mete fen nan tout bagay.
19. Nan seksyon sa a ou dwe eksplike « mò yo », se lespri moun ki te « mouri espiryèlman », se tout moun ki te rete nan rebelyon, se moun peche yo pa-t padonnen ki pral kanpe devan twòn jijman pou resevwa santans ki rezève pou yo.
20. Fè etidyan an konnen tou paradi orijinèl Edenn nan se la Jezi te resevwa brigani ki te repanti sou lakwa. Souliye tout karakteristik lavil sent sa a, kote kretyen yo pral viv pou toutan ak Bondye. Fè konnen tou dezyèm lesan an pral ede nou konprann kisa k-ap ban nou asirans ke non nou ekri nan « liv lavi a ».

Konsèy ki bon pou ansèyman an: toujou kite etidyan an chache epi li byen fò vèsè bibliki ki nan etid la. Li t-ap bon si ou menm ak etidyan an gen men kalite Bib konsa ou te kapab dikte li nimewo paj referans yo. Eseye wè si ou ka itilize menm vèsyon ak etidyan an.

Materyèl sipò ou ka jwenn sou entènèt



Lespwa a – videyo oubyen prezantasyon ki sou DVD a

DVD lespwa a se yon bonjan prezantasyon ki rakonte Gwo Istwa ki nan Bib la. Se Mars-Hill ki te fè travay sa a epi yo tradi li nan plizyè lang. Nou ankouraje-w nan fen premyè lesan an prezante-l bay etidyan an, aprè ou fin etidye 20 evènman bibliki yo nan lesan sa a.

<http://www.thehopeproject.com/>

DISKITE:

Ki pati Nan istwa bibliki sa a Ki poko klè pou ou?

Revize epi bay etidyan an bonjan eksplikasyon sou chak pati nan istwa a.

Nan pwòchèn lesan an, nou Pral etidye uit verite prensipal yo Ki se pilye levanjil la Ki genyen nan Gwo Istwa Ki nan Bib la.

Opsyon:

1. Mande etidyan an pou-l etidye dezyèm lesan an anvan menm ou rankontre ak li. Fè-l gade nan paj 30-31 epi fè-l konnen paj sa yo bay lòt enfòmasyon adisyonèl pou dezyèm lesan an. Si li te vrèman entèrese ak Gwo Istwa a ki te debat nan lesan an, enfòmasyon sa yo ap entèrese-l tou.
2. Tann jiskaske lòt sesyon an rive pou nou etidye li ansanm. Kòmanse depi nan twazyèm lesan an, l-ap toujou bon pou etidyan an prepare lesan ki vini aprè yo anvan nou rankontre ansanm.

DEVWA:

Vèsè ou dwe konnen pakè evwa:

Nan etap sa a, mande etidyan pou-l li byen fò vèsè li genyen pou lesan sa a. Asire-w etidyan an konprann siyifikasyon vèsè a, ba li eksplikasyon sou 4 vèsè memorizasyon yo. Fè-l konnen ke ou pral fè revizyon ansanm ak li, nan kòmansman pwòchèn lesan an, ak vèsè memorizasyon l-ap genyen pou dezyèm lesan an.

Lekti bibliki yo:

Diskite sou plan lekti bibliki ki nan paj 32. Fè etidyan an konnen chak rankont k-ap genyen pral kòmanse ak revizyon vèsè memorizasyon an epi ak yon swivi lekti bibliki yo te bay deja. Si se ta nan 7 jou rankont pou etid la pral rive, mande etidyan pou-l fè lekti yo te bay la olye ke pou-l li lèkti ki pou pwòchèn rankont la.

GID POU FOMATÈ A Chemen Lajwa a

FÈ PREMYÈ PA YO KÒM DISIP JEZI

GEN LAJWA NAN
LAVIETÈNÈL LA:

Sali a

2

ENTWODIKSYON
(Imaj fonsè ki nan bò gòch la)

Asire-w ou te li paj 5 la ak anpil atansyon epi prepare pou leson sa a dapre enstriksyon yo.

DISKITE:

Lekti bibliik yo epi revize vèsè ou te aprann nan.

Lekti bibliik yo: Kòmanse ak tout kesyon etidyan an te poze sou pasaj bibliik li te li yo. Ou ka teste konpreyansyon-l sou kèk konsèp kle nan pasaj sa yo, konsa w-ap asire-w ke li konprann san difikilte.

Vèsè memorizasyon: Premyèman mande etidyan pou-l verifye vèsè memorizasyon an. Aprè sa gade si li ka resite vèsè a. Men fòk ou gen pasyans, epi tou fè tout mwayen pou verifye si li konnen vèsè yo byen. Toujou ba li bon egzanp pou-l swiv.

KESYON:

Nan pwòp mo pa-w eksplike sa a, kisa yon moun dwe kwè pou-l konnen li gen lavietènèl?

Sèvi ak fòm kesyon sa yo pou-w ka fè etidyan an di kòman relasyon-l ye ak Bondye. Si-l di...

- Youn nan bagay ki sanble ak ekperyans Sali a nan leson sa a se pral yon klarifikasyon anplis sou deklarasyon li te fè ak Bondye pa mwayen Jezikri. Se yon lòt okazyon pou-w fèl konnen kòman pou-l eksplike epi pwoklame levanjil ak moun ki pa kwè yo.
- Si-l ta refize oubyen doute Sali a, leson sa a ede-w ba-l okazyon pou-l resevwa kado lavietènèl Bondye bay gratis la.

ENSTRIKSYON:

Reponn chak kesyon pwofite pran kòm referans sa ki mansyone nan pasaj bibliik la. Ale gade nan paj 30 ak 31 pou plis detay sou leson sa a.

Toutan gen posibilite, mete etidyan an anfas tèks bibliik yo epi ba-l chans pou-l reponn ak kesyon yo. Kòm fòmètè, ede etidyan an konprann tèks yo. Pètèt ou ta dwe ajoute kèk lide sou repons li yo. Etidye kontni sa a anvan ou kòmanse ak leson an.

- Sèvi ak paragaf ki solid nan paj 30-31 pou rezime tout 8 pwen yo nan dezyèm leson an (paj 8-9).
- Mande etidyan an pou-l li ak etidye paj 30-31 pou-l ka jwenn plis bagay nan leson sa a.

Konsèy ki bon pou ansèyman: Asire-w etidyan an gen Bib pa-l. Konnen tou li enpòtan pou-w itilize menm vèsyon ak etidyan an. Anvan leson an ak tout lòt aktivite yo kòmanse, gade kijan vèsyon-w nan fòmile pou-w ka wè si-l koresponn ak kesyon yo ki nan leson an. Aprè sa prepare-w pou-w mete lòd nan tout defòmasyon ki ka genyen nan fòmilasyon vèsyon bibliik pa-w la ak kesyon yo ki nan leson an.

Materyèl sipò ou ka jwenn sou entènèt

Sou sit Good Soil la gen twa vèsyon pou pon kwonolojik lavi a (Pon Kwono), epi ou ka telechaje yo gratis sou entènèt la, www.GoodSoil.com/overview:

- Yon vizyalizasyon Pon Kwono a nan nivo pa-w sou lòdi.
- Yon videyoklip ki gen yon gwo rezolisyon ou ka telechaje kote yo prezante Pon Kwono a (padan 10 minit) ou ka gade li sou òdinatè-w.

Yon lòt vèsyon videyoklip, sa a men gen yon rezolisyon pi piti ou ka gade sou entènèt la dirèkteman.

Prezante pon kwonolojik lavi a:



Gen yon lòt fason navigatè yo kreye pou prezante levanjil la, se li menm yo rele “Pon lavi a”. Prezantasyon yo itilize nan **Chemèn Lajwa a**, ak Istwa Esperans la diferan ak sa navigatè yo prezante ki se Pon Kwonolojik Lavi a (Pon Kwono). Pou byen di, li prezante nan lòd 8 verite prensipal levanjil la ki genyen ladann Gwo Istwa ki nan Bib la. Asire-w ke ou etabli relasyon ki genyen ant Gwo Istwa ki nan premyè leson an ak pon kwonolojik lavi a ki nan dezyèm leson an. Pou-w ka fè yo, fòk ou eksplike deklarasyon ki parèt ant pon (anlè a) ak kesyon etid bibliki yo ki (anba nan mitan paj la):

I: “Uit verite prensipal yo soti nan Gwo Istwa ki nan Bib la. Verite sa yo pote pou nou yon pon ki soti nan lanmò espirityèl ki ale nan lavi espirityèl.”

Konsèy ki bon pou ansèyman: prezante pon kwonolojik lavi a dapre rapidite etidyan an genyen pou li koprann chak konsèp. Egzanp, pran konsèp yo youn aprè lòt. Si-w sispèk gen bagay li pa konprann twò byen fè yon ti rete pou-w ka ranfòse prezantasyon an ak kèk pasaj bibliki (gade nan paj 30-31). Si-l ta sanble ke li konprann, men li pa kwè sa-l konprann nan, la li ta mande pou-w pase nan lòt faz la ki se lapriyè Bondye pou-l ka mete konfyans li nan Jezikri.

1. Bondye—Ebre 11:6

a. Lè nou vin jwenn Bondye ki premyè bagay nou dwe kwè?

Vèsè a di byen klè premyè pa pou-w fè pou-w vin jwenn Bondye se pou-w kwè Bondye egziste. Si moun sa a w-ap dirije nan etid la pa kwè nan egzistans Bondye, rapèl leson sa a pa-p itil anyen paske li fèt pou nouvo kwayan yo ak moun ki pa kwè yo men ki reseptif ak levanjil la. Nan ka sa a, se nan **Istwa Esperans la** pou-w ale avèk li, si li aksepte voye jete enkredilite-l ak dout li yo epi, onètman li deside pou etidye Bib la, sa vle di li bay mesaj istorik yo valè yo merite.

b. Kisa sa vle di chache Bondye?

Se pa lè yon moun kwè nan egzistans Bondye li sove. Satan ak denmon yo kwè Bondye egziste tou. Pou-w ka resevwa Sali Bondye a, ou dwe chache li ak tout kè ou, dispoze-w pou-w ka konnen kilès li ye pèsònèlman konsa ou ka devlope yon bonjan relasyon ak li.

Mande etidyan an pou-l li deklarasyon “**Se pou nou gen lafwa.**” Kòmante epi ajoute kèk bagay si sa nesèsè. Pou plis detay gade nan paj 30 la.

2. Moun—Jennèz 2:7

a. Ki diferans ki genyen ant kò yon moun ak nanm li.

Kò lòm nan se yon bann matyè. Bondye te sèvi ak pousyè tè kòm matyè pou-l te fòme kò Adan.

Tradiksyon yo pa bay dènnye fraz nan vèsè sa a menm sans. « Nonm nan vin vivan ». Nan Bib Louis Segond an yo itilize

nanm pandan anpil lòt itilize èt. Nenpòt mo yo ta itilize nan tradiksyon yo, sans tèks la rete byen klè. Bondye fè ak souf li yon pati nan kò lòm ki pa matyè. Nanm, èt oubyen lespri abite nan kò ki fèt ak matyè. Se pati sa ki pa fèt ak matyè a ki fè lòm yon moun.

b. Poukisa tout moun gen pou rann Bondye kont pou lavi yo sou latè?

Bondye fè nou, konsa se pou li nou ye e nou dwe ba li glwa. Ou kapab sèvi ak yon ilistrasyon yon bagay ou posede paske se ou ki te fè-l.

*Mande etidyan an pou li fe lekti deklarasyon “**Se pou nou gen lafwa.**” Pale sou li epi mete lòt ide si sa nesèsè. Pou plis detay konsilte paj 30 la.*

3. Peche—Women 3:23

a. Kisa peche ye?

“La glwa Bondye se sa ki define peche” Men, yon repons senp konsa mande kèlke eksplikasyon. Fraz sa a sanble fè referans ak Bondye, nan sentete li ki pa mele ak peche. Konsa, tout sa ki pa moral se peche.

b. Kimoun ki te peche?

Daprè jan vèsè sa ye, gen moun ki admèt fasilman ke li peche. Nou kapab fe moun konfyans epi pataje sa ki pa bon nan lavi noua k yo. Si etidyan an refize admèt li peche, ou ka tounen nan Egzòd 20 epi fè-l gade dis kòmandman yo. Mande li pou-l evalye lavi li sou limyè dis lwa san fòt sa yo. Si li onèt l-ap admèt san difikilte li se pechè.

*Mande etidyan an pou-l li deklarasyon “**Se pou nou gen lafwa.**” Kòmante epi ajoute kèk lide si sa nesèsè. Pou plis detay, konsilte paj 30.*

4. Lanmò—Ebre 9:27

a. Kimoun ki te pran randevou ak lanmò?

Vèsè sa a pa di nou kilès ki fikse randevou ak lanmò pou lòm. Men, gwo istwa lesan 1 an bay enfòmasyon sa a. Si sa nesèsè retounen nan lesan an pou-w ka wè rezon istorik ak teyolojik lanmò lòm.

b. Ki gabay ki sèten k-ap rive aprè lanmò?

Yon bagay ki sèten lè nou mouri, nou dwe fè fas ak jijman Bondye. Ou ta dwe wè seksyon 19 la nan lesan 1 an ankò nan gwo istwa.

*Mande etidyan an pou-l li deklarasyon “**Se pou nou gen lafwa.**” Kòmante epi ajoute kèk lide si sa nesèsè. Pou plis detay, konsilte paj 30-31.*

5. Kris—Jan 14:6

a. Konbe chemen ki mennen moun al jwenn Bondye?

Pou Jezi, gen yon sèl chemen ki mennen bò kote Bondye, chemen sa se Jezi. Si yon moun se kretyen tout bon. Li pa-p gen okenn difikilte avèk deklarasyon sa a. Akòz kokennchenn panse yo bay valè nan anpil peyi nan monn nan. Anpil moun gen pwoblèm ak Jezi.

b. Poukisa Jezi se sèl chemen ki mennen moun al jwenn Bondye?

Si Jezi se sèl chemen ki mennen moun nan syèl, dwe gen yon bagay kanmenm ki fè li kalifye kòm sèl chemen sa a. Ou kapab tounen nan lesan 1 an ankò ak etidyan an pou revize lavi Jezi, sitou pati ki pale sou Jezi ki fè yon sèl ak Bondye Papa epi li moutre li se menm ak Papa nou ki nan syèl la. Voye etidyan an tou nan vèsè li te etidye nan lesan 1 an ki se Jan 3:16.

*Mande etidyan an pou-l li deklarasyon “**Se pou nou gen lafwa.**” Kòmante epi ajoute kèk bagay si sa nesèsè. Pou plis detay, konsilte paj 31.*

6. Lakwa—1 Pyè 2:24

a. Eksplike: “Jezikris te pote peche nou yo nan kò li sou bwa kalvè.”

Deklarasyon sa a ki anlè a, se yon pati nan 1 Pyè 2 :24. Pou etidyan an konprann siyifikasyon teyolojik/redanmtris deklarasyon sa a, li enpòtan pou etidyan an konprann sakrifis yo nan Ansyen Testaman. Revize pawòl sa yo ak li pandan w-ap tounen nan chapit 1-4 e 10 nan liv Levitik.

b. Pouki rezon Jezi te mouri?

Jjezi te pote jijman peche nou yo nan kò li sou lakwa, pou li te ka mouri pou peche nou yo (sa vle di, wete tout dezi peche), Viv pou jistis (mennen yon vi ki dwat) pou nou geri espiyityèlman (Pou nou vini yon moun k-ap mache ak Lesprisen an). Konsa, Jezi pa-t mouri tankou yon nonm mizè ki pa gen pouvwa, men li te mouri pou-l fè pwovizyon pou bezwen espiyityèl nou yo.

Mande etidyan an pou-l li deklarasyon “Se pou nou gen lafwa.” Kòmante epi ajoute kèk bagay si sa nesèsè. Pou plis detay, konsilte paj 31.

7. Lafwa—Efezyen 2:8-9

a. Ki rapò ki genyen ant lagras, lafwa ak zèv nou yo?

Se gras Bondye (yon favè nan lanmou li ke nou pa merite) ki sove nou anba jijman kòlè li. Nou jwenn benefis nan gras ke nou pa merite, lè nou mete konfyans nou nan Bondye. Kilès ki kapab padone peche nou yo jan li te fè pwomès la ? Padon peche nou se yon kado gratis, nou pa-t fè anyen pou sa, bon zèv nou pa ka fè anye pou nou. Pakse si se bon zèv nou ki t-ap ban nou lavi, lògèy t-ap gonfle lestomak nou, nou pa t-ap bay Bondye glwa ke limenm sèl merite.

b. Kisa ou dwe fè pou ou resevwa kado sa a?

Pou nou posede yon kado, se aksepte kado a lè yo ofri-l ban nou. Ou kapab bay yon ilustrasyon sou pwèn sa a, pandan w-ap bay etidyan an yon kado fè-l konnen ke li pa gen anyen pou-l peye pou sa, li gratis!

Mande etidyan an pou-l li deklarasyon “Se pou nou gen lafwa.” Kòmante epi ajoute kèk bagay si sa nesèsè. Pou plis detay, konsilte paj 31.

8. Lavi—Jan 11:25-26

L-ap bon pou-w eksplike etidyan an pasaj sa a.

a. Kisa sa vle di, “li gen pou-l viv menm si li rive mouri”?

Jezi te vle di ke lè yon moun mouri sa pa vle di tout bagay fini pou li. Moun ki kwè yo se kò yo ki mouri, men yo genyen yon vi espiyityèl ki p-ap janm fini. Lè kò a mouri, nanm nan kontinye ap viv.

b. Kisa sa vle di: yon moun ki kwè nan Jezi “p-ap janm mouri”?

Fraz sa a se menm pwomès Jezi te fè a. Menm si kò a kapab mouri, sa ki fè lòm nan ap viv etènèlman (nanm).

« Èske-w kwè sa ? » Gade kòman vèsè 26 la fini. Jezi poze Mat yon kesyon ki pote yon desizyon. Se yon fason ki bon pou rive pran yon desizyon pou levanjil la. Si Jezi te la jodiya epi li site non pa-w li ta di «èske-w kwè sa ? Kisa ou t-ap reponn li? »

Ou kapab fini pandan w-ap mande etidyan an si li ta renmen eksprime lafwa li nan yon priyè ak Bondye, se tankou li te fenk aksepte Jezi pou li ka gen lavi ki pa-p janm fini an, oubyen tankou yon priyè pou di Bondye mèsè dèske li sove-l ak gras li.

Mande etidyan an pou-l li deklarasyon “Se pou nou gen lafwa.” Kòmante epi ajoute kèk bagay si sa nesèsè. Pou plis detay, konsilte paj 31.

DISKITE:

Èske ou kwè nan Jezi ? Poukisa ou pa kwè ? Si ou kwè di nan kisa ou kwè epi nan ki pwen ke ou kwè-l se verite.

Sa ka rive li te déjà gen repons kesyon an pandan nou t-ap pataje lide sou kat dènye pwen yo. Si se pa sa, prepare-w pou debat li nan moman sa a. Pa kite leson sa a san ou pa wè nivo relasyon etidyan an ak Bondye.

Èske ou vle ajoute konsèp yo Ki gen nan pon kwonolojik la Nan plan memorizasyon bibliik ou a Epi kòmanse travay sou premye vèsè a Nan semen sa a?

Gen kèk kat ki gen vèsè memwa pou chak 8 tèm nan pon an. Ou ka bezwen eksplike itilite yo pou konnen tèks bibliik yo. Egzanp, si ou menn ak etidyan an memorize tèks sa yo déjà, nou ka prezante pon kwonolojik lavi a nan sitiyasyon kote nou pa gen yon Bib nan men nou.

DEVWA:

Vèsè ou dwe konnen pakè evwa:

Mande etidyan an pou-l li byen fò vèsè ki mache ak leson sa a. Asire-w ke li konprann sa vèsè a vle di. Fè-l sonje ke ou va revize vèsè li te aprann nan leson 1 ak 2 a anvan nou kòmanse rankont pou leson 3.

Lekti bibliik yo:

Fè etidyan an sonje devwa, li genyen pou-l li paj 32. Si genyen plis ke 7 jou depi lè nou te rankontre pou etid la, di etidyan an pou-l li sa li te li déjà yo pito, ak sa li te bay pou prepare pou pwochèn rankont la.

Preparasyon leson 3:

Tounen nan paj 10 epi byen gade materyèl nan pati fonsè ki agòch la. Di etidyan an pou-l li sa ki genyen nan leson 3 anvan lòt rankont yo epi pou-l prepare pou deba etid bibliik la. Sa mande pou-l li tout vèsè bibliik leson an epi reponn kesyon ak enstriksyon ki gen rapò ak diskisyon yo. Genyen nan yo ki mande pou ekri repons yo, men gen lòt ki mande pou reflechi fason diskisyon yo ap dewoule pandan leson an ap fèt.

GID POU FOMATÈ A Chemen Lajwa a

FÈ PREMYÈ PA YO KÒM DISIP JEZI

GEN LAJWA NAN KONFYANS:

Asirans Ak Sekirite

3

ENTWODIKSYON
(Imaj fonsè ki nan bò gòch la)

Asire-w ou te li ak anpil swen paj 5 la epi byen prepare pou leson sa a daprè enstriksyon yo.

DISKITE:

Lekti bibliik yo epi revize vèsè ou te aprann nan.

Lekti bibliik yo: Kòmanse ak tout kesyon etidyan an te poze sou pasaj bibliik li te li yo. Ou ka teste konpreyansyon-l sou kèk konsèp kle nan pasaj sa yo, konsa w-ap asire-w ke li konprann san difikilte.

Vèsè memorizasyon: Anvan tout bagay mande etidyan an pou-l verifye fason li memorize vèsè a nan leson 2. Aprè sa verifye si li kapab resite li kòrèkteman. Pran pasyans, epi fòk vèsè yo byen memorize, toujou ba-l bon egzanp. Ou menm tou revize vèsè leson 1 an, ak tout lòt vèsè ou te memorize deja yo. Si etidyan an chwazi pou li pa memorize vèsè sa yo, mande li pou li verifye fason ou kenbe vèsè sa yo ou menm.

Si travay memorizasyon an fè ou pran tan, fè lòt vèsè a nan 5 minit. Fè yon fason pou etidyan an ka patisipe nan travay la. Moutre etidyan an fason li dwe fè-l: Li premyè fraz la pandan 5 fwa, aprè sa repete li ak tout dezyèm fraz la, epi youn aprè lòt; Mete referans vèsè a anvan, aprè sa li vèsè a.

DISKITE:

Depi lè ou te mete konfyans ou nan Jezikri kòm Sovè pèsonnèl ou, èske ou pa janm gen dout pou-w konnen si ou te sove tout bon vre? Si ou ta nan sitiasyon sa, pote yon presizyon.

Ankouraje etidyan an pou-l pataje panse ak santiman-l yo. Eksplike lè yon moun fenk konvèti li toujou gen dout sou Sali-l. Dout ki plis repete yo se : Èske mwen byen fè li ? Men m-ap fè peche toujou, mwen kontinye ap fè peche lè m fin lapriyè èske mwen se yon moun sove? Èske mwen dwe rekòmanse ankò? Sa parèt twò fasil, èske mwen byen konprann ni?

Fè yon chanjman kote w-ap di-l leson sa a ap ede-l aprann konnen kòman pou-l reyaji sou fason li doute sou Sali a.

PATI PRENSIPAL
(seksyon santral yo)

Pati blanch alè a

Li epi kòmante deklarasyon sa a. Si ou te viv eksperyans sa yo yon fason nan lavi kris la, oubyen ou konen kèk jenn kwayan ki te viv sa yo tou, li kapab bon pou-w pataje sa yo nan moman sa a. Objektif leson an se ankouraje etidyan an pou-l reyalize ke dout sa yo toujou ap repete, men avèk pawòl Bondye, gen anpil mwayen pou-l libere.

1. Asirans—Kisa ki ka fè-m konnen-m sove tout bon vre?

Toujou kòmanse ak diskisyon ki fèt aprè lekti yo fè byen fò yo oubyen vèsè yo.

a. Temwanyaj Bondye—Jan 5:24

W-ap wè gen twa pati ki soulinye nan repons kesyon an:

Sa m-ap di nou la a, se vre wi: Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan moun ki voye-m nan, l-ap gen lavi ki p-ap janm fini an. Yo p-ap kondane li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan lavi.

Gade wè si etidyan an ka idantifye pwomès la ak 2 deklarasyon ki pale sou moun ki koute pawòl Jezi epi ki mete konfyans yo nan Bondye:

- “L-ap gen lavi ki p-ap janm fini an” (se yon deklarasyon yon travay ki akonpli)
- “Yo p-ap kondane li” (yon pwomès)
- “Li deja soti nan lanmò li antre nan lavi” (deklarasyon yon travay ki akonpli)

b. Temwanyaj Bib la—1 Jan 5:11-13

Fè konnen asirans Sali a byen senp. Si ou mete konfyans ou tout bon nan Jezi pitit Bondye a, ebyen ou genyen lavi ki p-ap janm fini an. Konnen sa byen lavietèl se yon bagay tout moun ki kwè deja genyen. Si ou pa kwè sa se menm jan ou pa kwè nan pawòl Bondye ki ekri nan Bib la. Asirans sali a pou sila yo ki kwè nan Jezi kòm sovè yo, dapre sa Bondye di se lafwa ka-p aji.

c. Temwanyaj ki andedan-w—Women 8:16

Lesprisen an rann temwanyaj ak lespri nou ke nou se manm nan fanmi Bondye. Se yon konfyans ki anndan nou. Yon santiman ki sèten nan kè nou ki soti nan Lespri Bondye.

Eksplike Kòman-w santi temwanyaj sa a nan lavi-w. Byenke, temwanyaj sa a gen yon valè ki pa gen pri men ki ban nou asirans, nou ka pa santi-l toutan paske li mare ak santiman nou kòm lòm. Konsa li toujou bon pou nou sonje temwanyaj Jezi nan Jan 5:24 ak Jan 5:11-13. Mete nan tèt nou si nou peche oubyen nou pa vle obeyi Bondye nan nenpòt bagay nan lavi nou, nou p-ap santi nou byen nan kè nou, sa se travay Lespri Bondye li ye. Gade Ebre 12:5-11.

d. Temwanyaj yon lavi ki chanje—2 Koretyen 5:17

Mande etidyan an pou-l pataje repons li yo sou kesyon sa a. Èske-w santi lavi-w chanje depi lè ou fin sove? Si li reponn, non. Etidyan an bezwen reflechi ankò sou kesyon an pou li konnen si li te sove oubyen si li pa-t sove. Si li reponn, wi. Ankouraje li pou-l pataje chanjman sa yo. Fè li konnen li pa dwe dekouraje si lavi li pa jan-l ta vle a.

Ilustrasyon tren an: (paj 11)



San ou pa bezwen sèvi ak imaj yon tren, eksplike epi diskite paragaf sa yo ki touche aksyon sa yo, lafwa ak santiman. Apre sa mande etidyan an si-l ka eksplike ilustrasyon tren an nan mo pa-l.

- Aksyon ki pale sou **pwomès** Bondye yo se motè asirans nou. Aksyon sa yo sèten epi yo merite pou moun mete lafwa nan yo. Yo toujou rete solid sou ray tren an.
- **Lafwa** nou dwe atache ak aksyon pawòl Bondye, si se pa sa l-ap varye. Si lafwa pa atache ak pwomès Bondye yo nan Bib la, se yon dezi k-ap difisil pou satisfè. Lafwa dwe toujou atache ak pawòl Bondye, men se pa ak dezi pa nou.
- **Santiman** nou yo toujou gen tandans varye, menm si nou gen lafwa. Si nou pa pran byen, santiman nou yo ap destabilize menm lafwa nou. Men si lafwa nou rete fèm epi atache nan pawòl Bondye, l-ap stab epi santiman nou yo ap menm jan tou.

2. Sekirite—Kisa ki fè mwen konnen mwen sove nèt?

Pou kèk moun ki doute sou sali yo genyen an, kesyon yo sove, epi pou yo rete sove se 2 kesyon diferan. Nan tout reyalite, sila ki sove toutbon an ap toujou rete sove.

a. Kretyen an anba pwoteksyon Jezikri ak Bondye Papa—Jan 10:27-30

Etidyan an dwe deja souliye pawòl ki pale sou sekirite nan jan 10:27-30. Li pasaj sa a epi diskite sou pawòl ki fè nou gen asirans ke nou gen sekirite etènèl. Mwen se youn pami ekspresyon ki pi enpòtan yo, epi sa ki pale sou sekirite etènèl:

- “Mwen ba yo lavi ki p-ap janm fini a”
- “Yo p-ap janm peri”
- “Pa gen moun ki ka rache yo nan men mwen”
- “Pèsòn pa ka rache yo nan men Papa a”

b. Nou byen kache e pwoteje kont tout moun k-ap akize nou—Women 8:31-39

Li pasaj sa a ak anpil swen ak etidyan an epi idantifye tout sa apòt Pòl di sou moun ki sove yo, sekirite yo se nan men Kris li ye. Malerezman, pou sila yo ki ta vle wè nou kondane oubyen pèdi, yo bliye lanmou Bondye toujou antoure nou.

- ³¹“Si Bondye pou nou, kilès ki ka kont nou?”

- ³³“Ki moun ki va akize moun Bondye chwazi yo? Se Bondye kifè yo gras.”
- ³⁴“Ki moun ki ka kondane yo? Paske Jezikri te mouri; Sak pirèd ankò li leve soti vivan nan lanmò epi li chita sou bò dwat Bondye, kote l-ap plede pou nou.”
- ³⁵“Kisa ankò ki ka fè nou pèdi renmen kris la gen pou nou an? Soufrans ka fè nou sa ? osinon, grangou, mizè gwo danje, lanmò?
³⁶Daprè sa ki ekri nan liv la:
‘Se poutèt ou, tout moun yo sòti pou touye nou,
yo gade nou tankou mouton y-ap mennen labatwa.’
³⁷“Men, sou tout bagay sa yo, nou genyen batay la nèt ale, grenmesi moun ki renmen nou an.”
- ³⁸“Paske mwen gen lasirans anyen pa ka fè nou pèdi renmen Kris la gen pou nou: ni lanmò, ni lavi, ni zanj Bondye, ni lòt otorite ak pouvwa ki nan syèl la, ni bagay ki la jòdi a, ni sa ki gen pou vini pita, ni pouvwa ki anwo nan syèl la, ni pouvwa ki anba latè a, ³⁹Non, pa gen anyen nan tout kreyasyon Bondye a ki ka fè nou pèdi renmen Bondye fè nou wè nan Jezikri, Senyè nou an.”

Dyènye liy anba: **Kilès oubyen kisa ki kapab fè nou pèdi renmen Bondye gen pou nou?**

Repons = **Anyen pa kapab, okenn moun nonplis!**

c. Nou sele ak so Sentespri-a—Efezyen 1:13-14; 4:30

Yo itilize de (2) bagay ki sanble, Sentespri ak sekirite li te pwomèt nan Jezikri.

- **Sentespri a se yon mak letanp. (vèsè 1:13 e 4:30)**

Eksplike siyifikasyon yon letanp nan tan ansyen kontra. Te gen apil dokiman kite woule epi make pou asire nou ke pa gen moun ki vyole ni chanje sa ki ladann (Menm jan lè nou mete mak sou yon anvlòp jodiya, men lè nou itilize yon mak ki kole sou anvlòp la epi ki te sou dokiman tou.) Pòl di nou te make ak letanp nan Kris lè nou te sove epi Sentespri a se letanp ki fè nou pa pèdi asirans sekirite a).

Nan Efezyen 4:30, Pòl repete letanp la se Sentespri a nan lavi kretyen yo.

- **Sentespri a se « avalwa eritaj nou. » (vèsè 14)**

Lè yo pwomèt yon eritaj, pafwa yo bay lòt moun yo yon dokiman ki roule sa moutre ke y-ap bay eritaj la jan sa te pwomèt la. Sa se verite pou plizyè lòt tip tranzaksyon lajan. Sentespri a se tankou yon avalwa ke Bondye va akonpli pwomès yon ekzistans ki p-ap janmm fini nan syèl la avèk li.

Kesyon:

Konbyen tan mak avalwa sa ap dire? (Jiskask Jezi va vin chache nou, lè nou va leve nan lanmò pou nou al rankontre Senyè a epi rete avèk li pou toutan.)

Kisa sa vle di pou ou? (Nou menm ki se kretyen, nou jwenn sekirite gras ak Sentespri, konsa nou pa bezwen pè pou Sali nou.)

DISKITE:

Kisa ou dwe fè Si ou pa kwè ou sove tout bon vre Ki vle di Sali ou pa asire?

Retounen nan pawòl Bondye epi li promès li yo ankò ki pale sou Sali a, patikilyèman Jan 5:25, 1 Jan 5:11-13, Jan 10:27-30, Women 8:31-39 ak Efezyen 1:13-14 epi 4:30. Nou dwe fonde lafwa nou (sa ki konsène asirans Sali nou) Sou pawòl Bondye ki p-ap janm chanje, men se pa sou santiman lòm ki tankou souf oubyen dife pay.

DEVWA:

Vèsè ou dwe konnen pakè evwa:

Mande etidyan an pou-l li byen fò vèsè ki mache ak leson sa a. Asire-w ke li konprann sa vèsè a vle di. Fè-l sonje ke ou va revize tout vèsè li te aprann yo anvan nou kòmanse leson 4 la.

Lekti biblik yo:

Fè etidyan an sonje devwa, li genyen pou-l li paj 32. Si genyen plis ke 7 jou depi lè nou te rankontre pou etid la, di etidyan an pou-l li sa li te li déjà yo pito pase pou-l li sa yo te bay pou prepare pou lòt rankont la.

Preparasyon leson 4:

Tounen nan paj 12 epi byen gade materyèl la nan pati fonsè agòch la. Di etidyan an pou-l li materyèl la nan leson 4 la anvan lòt rankont yo epi pou-l prepare pou debat etid biblik la. Sa mande pou-l li tout vèsè biblik leson an epi reponn kesyon ak enstriksyon sou deba yo. Genyen nan yo ki mande pou ekri repons yo, men gen lòt ki mande pou reflechi sou yo fason ou panse diskisyon leson yo ka ye.

GID POU FOMATÈ A Chemen Lajwa a

FÈ PREMYÈ PA YO KÒM DISIP JEZI

GEN LAJWA NAN GID LA: **Pawòl Bondye a**

4

ENTWODIKSYON
(Inaj fonsè ki nan bò gòch la)

Asire-w ou te li ak anpil swen paj 5 la epi mete-w prè pou lesan sa a dapre enstriksyon yo.

DISKITE:

Lekti bibliik yo epi revize vèsè ou te aprann nan.

Lekti bibliik yo: Kòmanse ak tout kesyon etidyan an te poze sou pasaj bibliik li te li yo. Ou ka teste konpreyansyon-l sou kèk konsèp kle nan pasaj sa yo, konsa w-ap asire-w ke li konprann san difikilte.

Vèsè memorizasyon: Anvan tout bagay mande etidyan an pou li verifeye fason ou memorize vèsè a nan lesan 4 la. Apre sa verifeye si li kapab resite li byen. Pran pasyans, men fòk ou asire-w vèsè yo byen memorize. Fòk ou toujou yon bon egzanp. Ou menm tou revize vèsè lesan ou te fè anvan yo ak tout lòt vèsè ou te memorize deja yo. Si etidyan an chwazi pou li pa memorize vèsè sa yo, mande li pou li verifeye fason ou kenbe vèsè sa yo.

DISKITE:

Anvan ou te aksepte Kris nan lavi ou, ki opinyon ou te genyen sou Bib-la?

Apre ou fin tande repons etidyan an sou kesyon sa a, ou kapab pataje sa ou te panse anvan ou te vin kretyen ak li tou ak lòt panse nan lavi kretyen. Si se sa ou te viv tout bon vre, eksplike-l kijan lavi-w te chanje.

PATI PRENSIPAL
(seksyon santral yo)

1. Bib la: Se yon Liv ki soti nan Bondye pou yon rezon byen enpòtan

Lè gen yon vèsè ki parèt sou fòm kesyon oubyen diskisyon, toujou kòmanse mande etidyan an pou-l li byen fò.

- **Dapre vèsè sa yo (2 Timote 3:16-17), kouman nou fè gen Bib-la?**
Nou genyen Bib la anba enspirasyon Bondye. Eksplike kisa sa vle di nan vrè sans se « Bondye ki te enspire li ». Bay tout eksplikasyon ou kapab pou-w ka ede etidyan an konprann Bib la se yon liv Bondye ban nou.
- **Li 2 Pyè 1:20-21. Kouman Pyè dekri enspirasyon sa a “Mesaj ki soti nan Bondye”?**
Li pa soti nan volonte lèzòm, « Men gen moun Bondye chwazi ki sen li te pale atravè Lesprisen an moun sa yo te pran dikte nan men Bondye pou ekri Bib la ». Mande, Kisa ou panse sa vle di ? Eksplike moun ki te ekri Bib la pa-t deside ekri sa yo vle nan Bib la. Pyè di ke yo te anba men Lesprisen an nan travay sa a.
- **Dapre 2 Timote 3:16-17, poukisa Bib la itil?**
Èske epi diskite: What do each of these mean?
 - Bay ansèyman sou doktrin (Verite ki soti nan Bib la)
 - Konvenk (Fè nou santi lè nou aji mal)
 - Koriye (Moutre nou kòman pou nou koriye fason nou aji)
 - Enstwi nan jistis (Li anseye nou kòman pou nou viv yon vi ki fè Bondye plezi)
- **Dapre menm pasaj la (2 Timote 3:16-17), ki objektif prensipal Bib la nan lavi moun (gason ak fanm) ki se pitit Bondye?**
Nan lavi kretyen yo Bib la fè yo konnen tout sa ki bon.

a. Gen dezi pou pawòl Bondye a—1 Pyè 2:2

Poukisa? Mande etidyan an pou li pataje repons li yo.

Nou dwe kouri dèyè pawòl Bondye paske li ede nou grandi espiyèlman nan lespri. Diskite resanblans ki genyen ant yon timoun ki fenk fèt ki bezwen lèt pou li grandi ak yon moun ki fenk konvèti ki bezwen manje pawòl Bondye a toutan pou-l ka vin yon kretyen ki gen matirite espiyèl. Kisa ki ka rive yon timoun ki fenk fèt ki pa byen manje? Kòman nou kapab konpare li ak yon moun ki fenk kwè nan Jezi ki pa manje pawòl Bondye a toutan?

Diskite: Kisa Bib la fè pou nou, sitou pou li ede nou grandi nan lespri?

- Li fè nou kouri dèyè peche, epi li ede nou mennen yon vi ki fè Bondye plèzi.
- Li ede nou konprann Bondye, ansèyman pawòl Bondye ak sa li genyen pou lavi nou.
- Li bay kretyen yo esperans ak konfyans.
- Li konfime, edifye epi li fè lafwa nou solid.
- Eksetera....

b. Etidye pawòl Bondye a—2 Timote 2:15

Poukisa? Mande etidyan an pou-l pataje repons li yo ak ou.

- Li ede nou prezante devan Bondye nan fason li vle a.
- Li ede nou devni bon ouvriye pou Bondye. Konpare yon kretyen ki ap eseye fè yon travay pou Bondye men ki pa konnen Bib la, ak yon doktè ki vle pratike medsin san li pa etidye li.
- Li ede nou aprann kòman pou nou entèprete pawòl Bondye yon fason pou nou byen konprann ansèyman li yo.

c. Konnen pawòl Bondye a nan kè nou—Sòm 119:11

Poukisa? Mande etidyan an pou li pataje repons li yo avèk ou.

Nou dwe kenbe pawòl Bondye nan kè nou pou nou pa fè peche.

Diskite: Yon fason pratik, kòman fè lè nou kenbe pasaj biblik yo, sa anpeche nou fè peche? Vèsè sa yo nou kenbe a kapab sèvi nou, paske n-ap toujou sonje sa nou dwe fè ak sa nou pa dwe fè. Se tankou nou pote pawòl Bondye a nan lavi nou nenpòt kote nou pase. Nou va wè nan leson 7 la kòman Jezi te sèvi ak pawòl Bondye lè satan te vin tante li.

d. Renmen pawòl Bondye a—Sòm 119:97

Si nou renmen pawòl la, kisa n-ap fè tout lajounen? Mande etidyan an pou li pataje repons li a avèk ou.

Nou fèt pou nou medite sou Bib la chak jou. Sa vle di nou va li-l toutan, eksplike-l epi medite Bib la. Se menm jan ak yon manman bèf ki manje nan maten epi pita li remounoute manje sa a nan bouch li l-ap remoulenn. Nou rele sa « riminen » genyen anpil bèt ki fè sa, sa pèmèt yo vale pi fasil.

2. Devlope yon plan etid biblik chak jou

Li ak diskite chak nan 6 pwen seksyon sa a. Lè ou rive nan twazyèm pwen an, moutre etidyan an yon Bib (2 ou 3) ke ou menm oubyen yon lòt kwayan te souliye oubyen te pran nòt nan yo. Ede li pou-l devlope pwòp fason pa-l pou-l make Bib li. Ba li enfòmasyon pratik tankou kalite makè pou-l itilize, fè diferans ant sa ki dwe make ak sa ki ka pa dwe make, eksetera.

Diskite enpòtans ki genyen pou-l itilize yon kanè pou-l pran nòt etid la oubyen lè-l ale legliz pou-l pran nòt mesaj pastè a. Fòk ou toujou yon bon egzanp moun kapab swiv.

Pratike: Anvan ou fini ak rankont la, ale nan paj 32 a epi chwazi yon chapit nan plan lekti a, li ta pi bon si ou pran yon chapit ou fenk sot li. Ak fòmètè-w la bò kote-w, eksplike tout sijesyon ki genyen nan leson an.

Sezi okazyon sa a pou-w asiste etidyan an nan devlopman yon plan lekti regilye li fè san Bib la. Eseye reponn ak tout kesyon li yo sou fason li fè li. Asire-w ke ou kontinye enstriksyon sa lè w-ap fè ribrik yo. « Revize lekti Bib yo » yo va ban nou nan leson k-ap vini yo.

DISKITE:

Kisa ou panse Ki pi difisil ou ka rankontre Si ou mete yon tan apa chak jou pou ou etidye Bib la?

Kesyon sa a soti nan seksyon anvan. Men, nan ka sa a mete aksan sou enpòtans pou nou fè yon plan etid bibliik. San ou pa mete nan tèt ou sa ki ka anpeche-w fè pratik disiplin espirityèl sa a.

DEVWA:

Vèsè ou dwe konnen pakè evwa:

Mande etidyan an pou-l li byen fò vèsè memorizasyon leson an. Asire-w ke li konprann sa vèsè a vle di. Fè li sonje ke ou va revize avèk li tout vèsè li te aprann anvan leson 5 la kòmanse.

Lekti bibliik yo:

Fè-l sonje devwa, pou-l li paj 32. Si gen plis ke 7 jou depi nou te rankontre pou etid la, di etidyan an pou-l revize lekti li te genyen kòm devwa pito nan plas lekti ki te genyen pou pwochèn rankont la.

Preparasyon pou leson 5:

Tounen nan paj 14 epi byen gade materyèl la nan pati fonsè a gòch la. Di etidyan an pou-l li leson 5 la anvan lòt rankont yo epi pou-l prepare pou deba etid bibliik la. Sa mande pou-l li tout vèsè bibliik leson an epi reponn kesyon dapre enstriksyon sou diskisyon yo. Genyen nan yo ki mande pou ekri repons yo, men gen lòt ki mande pou reflechi sou kesyon yo yon fason nan jan diskisyon yo ka ye. Felisite etidyan an si li pran swen pou-l ekri repons kesyon yo nan ti liv la. Si li gen lide pou li pa fè sa, kontinye fè-l konnen pou li fè yo nan plas ki te deja rezève pou sa.

GID POU FOMATÈ A Chemen Lajwa a

FÈ PREMYÈ PA YO KÒM DISIP JEZI

GEN LAJWA NAN KOMINYON:

Lapriyè

5

ENTWODIKSYON
(Imaj fonsè ki nan bò gòch la)

Asire-w ou te li ak anpil swen paj 5 la epi byen prepare pou leson sa a daprè enstriksyon yo.

DISKITE:

Lekti biblik yo epi revize vèsè ou te aprann nan.

Lekti biblik yo: Kòmanse ak tout kesyon etidyan an te poze sou pasaj biblik li te li yo. Ou ka teste konpreyansyon-l sou kèk konsèp kle nan pasaj sa yo, konsa w-ap asire-w ke li konprann san difikilte.

Vèsè memorizasyon: Anvan tout bagay mande etidyan an pou li verifye fason li kenbe vèsè memorizasyon an nan leson 4 la. Aprè sa verifye si li kapab resite li byen. Pran pasyans, men ansistè pou vèsè yo byen memorize. Se pou ou toujou yon bon egzanp. Ou menm tou revize vèsè leson ou te fè anvan yo ak tout lòt vèsè ou te memorize deja yo. Si etidyan an chwazi pou li pa memorize vèsè sa yo, mande li pou li verifye fason ou kenbe vèsè sa yo.

DISKITE:

Daprè ou menm poukisa li enpòtan pou-w lapriyè Bondye?

Kesyon sa a ta dwe soti nan fason etidyan an konprann lapriyè paske li te gentan li ak etidye leson 5 la, repons li yo ka genyen imaj kèk verite ke nou jwenn la. Ou ka mande li « Èske ou te konn lapriyè anvan ou te vin kretyen ? Poukisa ? Poukisa ou te lapriyè ? »

Èske sa gen enpòtans pou Bondye?

Mande etidyan an pou li reponn kesyon sa a. W-ap eksplike Bondye mande pou nou lapriyè pou plizyè rezon:

- Bondye renmen nou li vle ede nou nan bezwen nou yo lè nou mande-l pou-l ede nou.
- Lapriyè se yon ekspresyon ki moutre se sou responsabiltè Bondye nou ye, se yon atitud ki moutre respè nou gen pou Bondye.
- Yon priyè ki byen fèt se ekspresyon kè yon kretyen ki nan bonjan relasyon ak Bondye. Yon relasyon Bondye vle genyen avèk nou toutan.
- Lapriyè, jan li dekri nan Bib la, sè adorasyon pou Bondye.

PATI PRENSIPAL
(seksyon santral yo)

1. Kisa lapriyè ye?

Li definyon lapriyè yo bay nan seksyon sa a epi diskite sou li. Asire-w ke etidyan an konprann chak pati yo.

Diskite:

Èske lide sa a sanble ak lòt lide ou te genyen déjà sou lapriyè anvan ou te kretyen?

Ankouraje etidyan an pou-l pataje avèk ou fason li te konprann lapriyè anvan. Kòman yon priyè dwe fèt ? Ki sans lapriyè ak siyifikasyon lapriyè nan lavi?

Pwosesis diven ki gen nan lapriyè

Li twa fraz deklarativ yo “**Nou priye...**” (Devlopman lapriyè) epi moutre nan ki fason yo mare ak imaj Bondye nan tèt paj 15 la, Aprè sa, poze kesyon an:

Kilès nan pasaj sa yo ki pa fin twò klè pou ou?

Mande li kisa ki difisil ladann li pa konprann? Li chak pasaj sa yo epi pwofite pou diskite ak eksplike yo. Tande byen, mete plis aksan sou sa ki te pi difisil pou konprann nan. Konsilte nòt anba yo.

Nou priye...

• **Bondye Papa—Matye 6:9**

Nan priyè Jezi t-ap anseye disip li yo, li te di yo priye Bondye Papa. Li te konn priye Bondye Papa. Ou kapab tounen nan Jan 17.1-26 epi pran nòt sitout kote lè Jezi konn ap pale ak Papa li nan syèl la pandan-l t-ap priyè anvan yo te trayi li epi arete li. Lapriyè nan Matye 6 la souvan rele « Priyè Mèt la » Gen moun ki vle nou rele-l « Mòdèl lapriyè » epi sa ki nan Jan 17 la, «Lapriyè Mèt la. »

Bondye se Papa nou ki nan syèl la. Li nan syèl la, men tou li tout kote. Li renmen nou pou toutan epi li konnen tout bagay nan lavi nou. Presize ke nou kapab priye ak tout konfyans nou paskse Bondye se Papa nou ki nan syèl la ki renmen nou.

• **Nan non Jezikris—Ebre 4:14-16**

Diskite: : Èske ou konnen poukisa kreyen yo souvan fini ak lapriyè yo nan fòm sa a « Nan non Jezi ? »

- Ou kapab kòmanse moutre etidyan an pasaj Jan 14 :2-14 la. Menm si vèsè sa yo plis moutre ke nou dwe priye «nan non Jezi » yo pa eksplike poukisa li di disip li yo fè sa.
- Ebre 4:14-16, ban nou yon apèsi sou rezon pou nou toujou priye nan non Jezi. Mande etidyan an pou-l li pasaj sa a epi gade si-l konprann sa y-ap anseye ladann nan. Eksplike sistèm prèt yo nan ansyen kontra sitou sa granprèt yo te konn fè epi fason yo te toujou konn ap lapriyè Bondye pou Izrayelit yo. Ajoute aprè lanmò Jezi, li te moute nan syèl pou-l te ka al travay tankou granprèt pou toutan. Li toujou ap pale pou pitit Bondye yo. Li enpòtan anpil pou-n konnen ke Jezi te tante menm jan ak nou, men li pa-t janmen peche. Li konnen epi konprann sa n-ap pase sou latè, men li te pote viktwa sou tantasyon sa yo ! Lè n-ap lapriyè, nou ka pwoche avèk konfyans devan Bondye, nou konnen Jezikri se granprèt nou, avoka nou k-ap plede pou nou bò kote Papa. Di ke li pa enpòtan pou nou toujou ap di « Nan non Jezi », se pa vre ! konnen byen, li toujou enpòtan pou-n reyalize ke lè n-ap pwoche bò kote Bondye, se gras ak travay Jezi te akonpli pou nou sou lakwa ki ban nou aksè ak Bondye.

• **Ak èd Sentespri a—Women 8:26**

Mande etidyan an pou-l li vèsè sa a byen fò. Mande li pou-l eseye eksplike-l. Ede li pou li byen konprann travay Sentespri nan lapriyè, dapre teks sa a.

Sa vle di nou menm lòm, feblès nou yo bloke pouvwa lapriyè nou genyen, nou pa konnen poukisa nou dwe priye. Menm si nou ta gen yon ti lide sou sa nou bezwen yo, nou ka pa kapab konprann yo epi di yo byen. Nan ka sa, Lesprisen an konnen pi byen sa nou gen bezwen, konsa li lapriyè Bondye pou nou. Nou dwe eseye mande sa nou dwe mande a nan lapriyè nou, men anpil fwa nou pa byen mande nan lapriyè nou yo. Konsa, li bon pou nou priye lè « Nou pa konnen sa pou nou mande nan priyè nou yo ». Sentespri a va dirije lespri nou sou moun ak sitiyasyon pandan n-ap rete tann Bondye tou dousamn nan lapriyè.

Eksplik Sentespri se yon moun, nou pale ak li tankou yon moun, pa tankou yon lespri. Tout leson 6 la baze sou Sentespri ak travay li nan lavi kwayan yo.

2. Kat eleman ki gen nan lapriyè

Eksplike genyen 4 eleman ki repete plis nan lapriyè, presize Bondye pa mande pou-w swiv yon devlopman tout moun konnen, youn aprè lòt (etap aprè etap) pou priye, men genyen yon lòd byen klè ke nou ta dwe ranje oubyen òganize eleman sa yo nan priyè nou yo.

a. Konfesyon—Sòm 66:18

Eksplike mo «Lide nan tèt » nan vèsè sa vle di karese, oubyen toujou rete nan sa ki pa bon. Li kontrè ak konfesyon ki se lide pou di Bondye peche nou yo egzakteman. Se premyè etap pou jwenn padon pou peche. Leson 7 la gen yon seksyon sou konfesyon peche.

Diskite: Poukisa li enpòtan pou nou konfese peche nou konnen yo, lè nou kòmanse lapriyè? (Sòm 66:18 bay yon repons klè ak kesyon sa a.)

b. Adorasyon ak Louwanj—Sòm 145

Li Sòm 145 epi gade kouman Salmis la te adore Bondye epi kouman li te pwouve adorasyon ak louwanj li.

Li definisyon mo “adorasyon” ak “louwanj” la anvan, diskite 2 mo sa yo pou-w ka konnen si etidyan an fè difrans la.

Après sa li Sòm 145 la ankò epi make tout mo ki sanble ak «Louwanj» epi mo ki sinonim yo. Idantifye ak etidyan an chak kalite espesifik Bondye, lè David t-ap adore-l.

c. Renmèsiman—Sòm 107:1,8,15,21,31

Li vèsè sa yo epi diskite kèk bagay nan istwa ki te fè otè sòm sa a te rekonesan.

Diskite: Site tout bagay Bondye te ba ou epi di-l mèsè pou yo.

Mande etidyan an pou-l ekri 10 bagay oubyen plis ke sa ki fè-l ap di Bondye mèsè. Ou menm ki fòmatè a, ou ka kreye pwòp lis remèsiman pa-w. Pataje lis ou a ak li.

d. Siplikasyon ak Entèsasyon—Filipyen 4:6

Eksplike epi diskite diferans ant «lapriyè» ak «siplikasyon».

Lapriyè toujou konsidere kòm yon tèm jenerik yo itilize pou tout sa n-ap mande Bondye. Jeneralman, tèm siplikasyon fè referans ak yon pakèt bagay w-ap mande Bondye dapre yon bezwen.

Ou kapab dirije etidyan an nan 1Timote 2:1-3 pou-l ka wè kèk bagay Pòl te mande kwayan yo pou yo fè pou moun k-ap dirije peyi yo.

Diskite: Nan Filipyen 4:6, poukisa Pòl deklare lapriyè se solisyon tout pwoblèm k-ap trakase nou?

Lapriyè se pale Bondye ki gen tout pouvwa, li menm ki gen kontwòl lavi nou. Bondye konn tout bagay (omnisyan), ki tout kote (omniprezan), li ka fè tout bagay (omnipotan) epi li se lanmou, li toujou disponib pou-l ede kretyen yo ak fado ak tèt chaje yo. Nan 1 Pyè 5:6-7, Bondye envite nou pou nou lage tout tèt chaje nou yo ba li. Nan Filipyen 4:6, Pòl di nou sempleman nan move tan nou yo, premye sa pou nou fè se vire gade Bondye epi chache sekou li.

Egzèsis revizyon: Mande etidyan an pou-l montre-w nan ki fason li te ka itilize imaj nan paj 15 la pou eksplike yon moun sa li te aprann sou etap ak eleman yo nan lapriyè.

3. Devlope yon Plan lapriyè pou chak jou

Li 5 pwèn seksyon sa a epi aprè. . .

Egzèsis: Anvan nou fini ak leson sa a, pratike (fòmatè ak etidyan, ansanm) sa nou te aprann nan leson sa a ki pale sou lapriyè.

Ou menm fòmatè priye anvan pou-w ka moutre sa ou te anseye etidyan an. Anvan ak aprè lapriyè sa a, ensiste pou-w di lapriyè dwe yon egzèsis natirèl ki fè nou santi nou byen epi li se sekre laviktwa nou. Poutan, li enpòtan pou-n pran konsyans sou 4 eleman sa yo nan lapriyè, mete yo nan priyè nou yo se deja yon bon prezantasyon. Après sa, mande etidyan an pou-l priye pandan l-ap pratike sa li te aprann nan. Ankouraje li pou li fè lapriyè li yo yon chita pale (Konvèzasyon) ak Bondye, men pa pou fè moun wè li konn lapriyè. Reponn kesyon etidyan an ki gen rapò ak seksyon sa a.

DISKITE:

Ki kalite difikilte ou Panse ou ka rankontre lè w-ap planifye Yon plan lapriyè pou chak jou?

Kesyon sa a soti nan diskisyon anvan, pale ak etidyan an pou-l kòmanse pratike sa li te aprann nan. Mande li pou diskite kèk etap byen klè li ta renmen eksperimente yon fason pou li ka rive devlope yon plan lapriyè san rete chak jou.

DEVWA:

Vèsè ou dwe konnen pakè evwa:

Mande etidyan an pou-l li byen fò vèsè ki mache ak leson sa a. Asire-w ke li konprann sa vèsè a vle di. Fè-l sonje ke ou va revize tout vèsè li te aprann yo anvan nou kòmanse leson 6 la.

Lekti bibliik yo:

Fè etidyan an sonje devwa, li genyen pou-l li paj 32. Si genyen plis ke 7 jou depi lè nou te rankontre pou etid la, di etidyan an pou-l li sa li te li deja yo pito.

Preparasyon leson 6 la:

Tounen nan paj 16 epi byen gade sa ki genyen nan pati fonsè agòch la. Di etidyan an pou-l li tout sa ki nan leson 6 la anvan lòt rankont yo epi pou-l prepare pou diskisyon etid bibliik la. Sa mande pou-l li tout vèsè bibliik leson an epi reponn kesyon daprè enstriksyon sou diskisyon yo. Genyen nan yo ki mande pou ekri repons yo, men gen lòt ki mande pou reflechi sou yo.

GID POU FOMATÈ A Chemen Lajwa a

FÈ PREMYÈ PA YO KÒM DISIP JEZI

GEN LAJWA NAN PISANS:

Sentespri nan lavi nou

6

ENTWODIKSYON
(Imaj fonsè ki nan bò gòch la)

Asire-w ou te li ak anpil swen paj 5 la epi byen prepare-w pou leson sa a daprè enstriksyon yo.

DISKITE:

Lekti bibliik yo epi revize vèsè ou te aprann nan.

Lekti bibliik yo: Kòmanse ak tout kesyon etidyan an te poze sou pasaj bibliik li te li yo. Eseye teste konpreyansyon-l sou kèk konsèp kle nan pasaj sa yo, konsa w-ap dekouvri si li konprann yo san difikilte.

Vèsè memorizasyon: Anvan tout bagay mande etidyan an pou-l verifye fason ou kenbe vèsè memorizasyon an nan leson 5 la. Aprè sa verifye si li kapab resite vèsè a pakè. Pran anpil pasyans, men pale avèk li dekwa pou-l byen memorize vèsè yo. Se pou-w toujou yon bon egzanp pou li. Ou menm tou revize vèsè leson ou te fè anvan yo ak tout lòt vèsè ou te memorize deja yo. Si etidyan an chwazi pou li pa memorize vèsè sa yo, mande li pou-l verifye fason ou kenbe vèsè sa yo.

DISKITE:

Èske ou panse ou ka mennen yon bon vi kretyen, si Bondye pa ede-w? Eksplike.

W-ap deja wè si se pa-t èd Sentespri a etidyan pa t-ap ka mennen yon lavi kretyen ki fè Bondye plezi. Konsa, pou repons sa a se eksplikasyon ki pi enpòtan. Ankouraje li pou-l fè-w konfyans. Li enpòtan pou-w pa bay manti sou kèk nan difikilte ou konn genyen nan lavi kretyen, fè-l konnen pa gen kretyen ki ka viv san-l pa gen sekou Lesprisen an.

Gade santrè deba sou Lesprisen an ki se yon èd espesyal Bondye bay. Lesprisen an Bondye bay tout kwayan yo. Eksplike-l Bondye konnen nou p-ap ka viv lavi kretyen an poukont nou, se sa-k fè li ban nou Lesprisen an pou ede nou. Li konnen lòm se yon èt ki fèb nan lespri-l, si prezans Bondye pa-t nan lavi nou pa t-ap gen youn nan nou sou latè ki t-ap fè Bondye plezi.

PATI PRENSIPAL
(seksyon santral yo)

Pati blanch alè a

Li tèks nan paj 16-17 ki nan seksyon sa a. Sonje Bib la anseye nou klèman gen yon Sèl Bondye nan twa pèsòn: Papa a, Pitit la ak Lesprisen an. Entelijans nou kòm lòm p-ap ka rive konprann gwo verite sa sou Bondye. Leson sa a baze sou Sentespri ak kèk nan travay li fè nan lavi kretyen yo.

1. Sentespri a: Bondye k-ap viv nan nou

a. Jezi te pwomèt—Li Jan 14:16-17

Ki bagay nou aprann sou Sentespri a nan vèsè sa yo?

Sa pou-n aprann sou Sentespri a nan pasaj sa a:

- Bondye Papa ban nou Sentespri a.
- Sentespri a ap viv nan nou pou toutan.
- Yo rele li «Lespri ki bay verite».
- Moun k-ap viv nan monn nan pa konnen li.
- Sentespri a ap viv avèk nou epi li abite nan kè nou.

b. Bagay Pòl te vin konnen aprè—Li 1 Koretyen 6:19-20.

Pwomès Jezi te fèt depi lontan te vin tounen yon reyalite nan tan Pòl la.

W-ap eksplike vèsè sa a nan 1 Koretyen an te vin ekri 20 lane aprè ke Jezi te pwomèt Sentespri a ap viv nan nou. Nan tan Pòl la, pwomès Jezi yo te akonpli.

Li pragraf ki dekri lavil Korent la. Ou menm kòm fòmètè, anvan ou prezante leson sa a, ou kapab fè kèk rechèch sou lavil Korent ak eta peche moun yo nan lavil sa a.

Nan yon anviwònman konsa, poukisa li enpòtan pou-w fè moun yo sonje ke Sentespri a se Bondye ki rete nan lavi yo?

Kite etidyan an pataje repons li sou kesyon sa a. Diskite sa ki gen nan reyalyte sa a Bondye abite nan nou lè n-ap viv nan mitan pechè. Eksplike kòman prezans Sentespri a ka mete yon baryè pou nou pa al patisipe nan sa ki mal. Diskite kòman nou ka fè Sentespri a tris lè tanp (kò nou) kote li abite a patisipe nan peche.

2. Sentespri: Bondye k-ap ede nou

Li paragraf entwodisksyon sou pwèn de (2) a.

a. Li ede nou konprann Bib la—1 Koretyen 2:9-14

Se pou nou konsyan gen kèk detay nan pasaj sa ki pa fasil lè se premyè fwa nou tonbe sou yo. Nan preparasyon leson an, Konsilte kèk bon kòmantè pou-n ka asire-n ke nou byen konprann pasaj la. Antouka, ansanm ak etidyan an, mete aksan sou mesaj jeneral tèks la yon fason klè. Nou bezwen asistans Lespri Bondye pou nou konprann pawòl li. Pa al tonbe nan fè yon bann analiz sou pasaj la, pou-w pa fè etidyan an twouble sou sa ki enpòtan yo.

Mande etidyan an (Kòm abitud) pou-l li vèsè sa yo byen fò.

W-ap eksplike nan pasaj sa a, Pòl te anseye kwayan Legliz Korent yo travay Lesprisen an se pou-l ede nou konprann verite espiyèl Bondye te revele nou nan Bib la.

- Vèsè 9—Vèsè sa a souvan mal enteprete dapre sa ke Bondye prepare pou nou nan syèl la, Men nan kontèks la (gade vèsè 10-14) li sanble pale sou sa Bondye prepare pou nou nan Bib la.
- Vèsè 10-12—Pou-n konprann bagay espiyèl yo, Lespri Bondye dwe asiste nou. Li kapab ede nou konnen sekre Bondye te revele nou nan Bib la.
- Vèsè 13—Pòl pa-t konprann ansèyman sa a dapre rezònman lòm, men sou sa Lesprisen an te anseye li.
- Vèsè 14—Poukisa yo pa jwenn bagay espiyèl Bondye yo, paske yo wè yo tankou bagay moun fou. Yo pa-p ka konnen bagay sa yo paske yo pa gen Lespri Bondye. Epoutan, se Lespri Bondye sèlman ki ka fè yo konprann.

Ki enpòtans sa genyen pou nou konprann moun Sentespri a te enspire nan yo pou ekri Bib la, se Limenm ki ede nou konprann Bib la tou kounyeya? Diskite Konsèp sa a.

Kite etidyan an reponn kesyon sa a. Ou kapab ilistre tèm sa a pandan w-ap refere-w sou nenpòt liv (ki pa Bib la) ki te ekri pa yon moun ki toujou vivan. Mande: Si ou t-ap li liv sa a epi ou rankontre difikilte pou-w konprann kèk pati ladann, kilès ki t-ap pi byen plase pou eksplike-w liv la? Moun ki te ekri liv la. Aprè sa ajoute ke nou menm kwayan, sila ki ekri Bib la ap viv nan nou. L-ap ede nou konprann Bib la lè n-ap li-l.

b. Li prepare nou pou travay ministè a—1 Koretyen 12:1, 4-31

Opsyon: Li Women 12:1-8 ak Efezyen 4:11-12.

Sa se valè tan ou mete apa pou leson sa a, ou kapab deside li oubyen pa li de (2) pasaj anplis sa yo. Pasaj sa yo bay enfòmasyon anplis ki pale sou don espiyèl yo.

Li epi eksplike defnisyon don espiyèl yo, menm jan ak deklarasyon ki pale sou mirak yo. Objektif leson sa a se pa pou nou etidye doktrin don espiyèl yo, men se pou anseye etidyan Bondye bay kwayan yo don ki nesèsè pou fè sèvis li. Bondye toujou bay don ministeryèl sa yo jouk rive jounnen jodiya pou nou ka fè sèvis li ak anpil efikasite.

Èske ou kwè ou genyen youn nan don sa yo? Eksplike.

Mande etidyan si-l gen lòt kapasite (avèk lòt talan) Bondye ba li epi mete yo nan sèvis Bondye. Sa li dwe konnen, tout kapasite nou genyen (don espiyèl ak talan yo) se Bondye ki ban nou yo. Nou dwe itilize don sa yo toutan nou kapab pou glwa Bondye.

3. Sentespri a: Bondye k-ap dirije nou

Li Efezyen 5:18.

De kondisyon sa yo rankontre nan yon sèl pwen ki se “Enfliyan”; men tou kisa ki fè yo diferan?

Mande etidyan pou-l bay repons li sou kesyon sa a. Li trè klè pou-w wè diferans ki genyen ant yon moun Lespri ap kontwòle ak yon lòt moun alkòl ap kontwòle.

Pi gwo pwen nan seksyon sa a yon moun ki kite Lespri kontwòle-l, se yon moun ki kite Lespri Bondye pran kontwòl lavi li epi li transfòme abidid li yo nan fason pou fè Bondye plezi. Eksplike etidyan an Bondye Lesprisen an abite nan lavi chak kretyen, li kontwòle lavi sila yo ki soumèt tèt yo anba kontwòl li. Ankouraje etidyan an pou-l bay Bondye kontwòl lavi li pou toutan.

Li Galat 5:16-26. Men yon lòt gwo pasaj ki pale sou kontwòl Sentespri nan lavi kwayan, menm tèm men yon ti diferan tou piti. Etidye pasaj sa a anvan leson 6 la yon fason pou-w ka konprann siyifikasyon li anvan ou poze etidyan kesyon sou li. Pandan w-ap travay sou pasaj sa a ak etidyan, bay tout eksplikasyon ou dwe bay pou-l ka konprann ansèyman Pòl yo. Youn nan karakteristik pasaj sa a se diferans ki ekziste ant « zèl lachè yo » ak « fwi lespri a ».

Dekri nan mo pa-w nèf eleman ki se fwi Sentepri a.

Kite etidyan an pataje definisyon pa li yo anvan. Genyen k-ap parèt byen klè, men gen lòt k-ap mande plis eksplikasyon. Etidye pasaj la anvan yon fason pou-w ka bay definisyon ak eksplikasyon ki soti nan dokiman.

DISKITE:

Ki rapò ki genyen ant, Lespri Bondye, Pawòl Bondye, ak Pitit Bondye (kretyen yo)?

Kesyon sa a ka mande plizyè repons ki bon.

Daprè eksplikasyon leson sa a, meyè repons la se : paske Lespri Bondye ki te enspire pawòl Bondye (gade leson 4) se menm Lesprisen sa a k-ap viv nan pitit Bondye yo. Konsa, Kwayan yo gen asirans Bib la se pa yon liv ki enposib pou konprann, men paske Lesprisen an toujou la bòkote yo pou ede yo l-ap fè yo konnen verite a.

DEVWA:

Vèsè ou dwe konnen pakè evwa:

Mande etidyan an pou-l li byen fò vèsè ki mache ak leson sa a. Asire-w li konprann sa vèsè a vle di. Fè-l sonje ke ou va revize tout vèsè li te aprann yo avan nou kòmanse leson 7.

Lekti bibliki yo:

Fè etidyan an sonje devwa, li genyen pou-l li paj 32. Si genyen plis ke 7 jou depi lè nou te rankontre pou etid la, di etidyan an pou-l li sa li te li deja yo pito.

Preparasyon leson 7:

Tounen nan paj 18 epi byen gade sa ki genyen nan pati fonse agòch la. Di etidyan an pou-l li tout sa ki nan leson 7 la anvan lòt rankont yo epi pou-l prepare pou diskisyon etid bibliki la. Sa mande pou-l li tout vèsè bibliki leson an epi reponn kesyon daprè enstriksyon yo sou diskisyon yo. Genyen nan yo ki mande pou ekri repons yo, men gen lòt ki mande pou reflechi sou yo, fason ou panse diskisyon leson an va ye. Felisite etidyan an si li pran swen pou-l ekri repons sou kesyon yo nan ti liv la. Si li gen lide pou li pa fè sa, kontinye fè-l konnen pou li fè yo nan plas ki te deja rezève pou sa.

GID POU FOMATÈ A Chemen Lajwa a

FÈ PREMYÈ PA YO KÒM DISIP JEZI

GEN LAJWA NAN PYETE:

Sentete Pèsonnèl

7

ENTWODIKSYON
(anaj fonsè ki nan bò gòch la)

Asire-w ou te li avèk anpil swen paj 5 la epi byen prepare pou leson sa a dapre enstriksyon yo.

DISKITE:

Lekti bibliik yo epi revize vèsè ou te aprann nan.

Lekti bibliik yo: Kòmanse ak tout kesyon etidyan an te poze sou pasaj bibliik li te li yo. Ou ka teste konpreyansyon-l sou kèk konsèp kle nan pasaj sa yo, konsa w-ap asire-w ke li konprann san difikilte.

Vèsè memorizasyon: Anvan tout bagay mande etidyan an pou-l verifye fason ou kenbe vèsè memorizasyon leson 6 la. Aprè sa verifye si li kapab resite li pakè. Pran pasyans ak li epi, ensiste pou-l byen memorize vèsè yo. Se pou-w toujou ba-l bon egzanp. Ou menm tou revize vèsè leson ou te fè anvan yo ak tout lòt vèsè ou te memorize déjà yo. Si etidyan an chwazi pou-l pa memorize vèsè sa yo, mande li pou-l verifye fason ou kenbe vèsè sa yo.

DISKITE:

Kouman ou santi-w lè-w fin kòmèt yon bagay ki mal? Poukisa?

Chache konprann nan ki sans etidyan an te santi se li menm ki koupab. Mande li kòman sa te ye anvan li te vin kretyen. Èske pa-t gen yon diferans anvan epi aprè? Poukisa diferans sa a? Si li kwè tout bon vre, konsyans li ap repwoche-l lè-l tonbe nan peche. W-ap eksplike, lòm renmen pran konsyans aprè yon verite yo tande. Plis etidyan an li epi konprann pawòl Bondye, se plis l-ap pran konsyans lè-l fè peche.

II: 2 Samyèl 11:1-27

Ou menm ak Etidyan an ta dwe li pasaj sa a pandan n-ap prepare rankont la. Si sa fèt ou pa bezwen li pasaj sa a ankò. Mande etidyan an pou-l rezime istwa a. Iri moun peyi Itit yo ak Batcheba. Si etidyan an pa li chapit sa a, ou ta dwe pran yon poz pou-w li avèk li pandan w-ap endike vèsè kle a. Pasaj sa se yon bèl egzanp pou lòt leson ki gen pou fèt yo.

PATI PRENSIPAL
(seksyon santral yo)

Seksyon anlè: (pati blanch la)

Li tèks ki nan seksyon anlè tèt paj 18-19.

Li Sòm 51:1-17 epi reponn kesyon yo. Kouman David te santi li? Kisa li te desire?

- Li sanble David te santi li koupab, ranpli ak salte, lawont epi tristès.
- David te bezwen padon Bondye, mizerikòd, pirifikasyon, lajwa li ankò ak relasyon-l ak Bondye.

1. Men prensip Bondye yo: Sentete ak Jistis

Li epi eksplike definisyon sentete ak lajistis. T-a sanble tèm sa yo vle di menm bagay. Diferans Bib la fè ant de tèm sa yo enpòtan anpil.

Fè konnen youn nan kalite Bondye, li pafè nan tout bagay, li san defo (li menm ak kreyasyon li); Kalite sa yo se manifestasyon nati li. Konsa, tout sa nou ta vyole nan kalite li ap fè-l fache anpil kont nou.

a. Sentete—Li 1 Pyè 1:14-16.

Ki bagay pratik ou jwenn nan vèsè sa yo ki ka ede-w nan lavi-w chak jou?

Si nou obeyi Bondye, Nou p-ap konfòme lavi nou ak ansyen dezi nou yo, men nou va chache pou nou sen menm jan ak Bondye. Sonje lide fondamantal sentete se « separasyon koplèt ak tout bagay ki sal » yo itilize tèm sa a pou moutre sa ki pwòp ak sa ki enpwòp.

b. Jistis—Li Sòm 15:1-2.

Ki bagay pratik ou jwenn nan vèsè sa yo ki ka ede-w nan lavi-w chak jou?

Kesyon vèsè 1 an mande, « Senyè, ki moun ki ka rete lakay ou? » Vèsè 2 a bay repons la. David itilize yon fòm ki sanble, nan lang Ebre nan pwezi (paralelism . . .) Pou li di menm bagay yo (oubyen preske) nan twa manyè diferan:

- Se moun ki fè volonte Bondye nan tout bagay,
- Se mou ki toujou fè sa ki byen,
- Se moun ki pale verite a jan-l ye nan kè li;

Diskite: *Kisa ki ka fè-w konnen yon moun jis lè-w rankontre-l epi pase yon ti tan ak li? Kisa ki pi patikilye ou ka remake nan lavi moun sa a?*

2. Chwa ou fè: Obeyi oubyen Dezobeyi

Li entwodiksyon ki nan seksyon sa a. Mande etidyan an pou-l pataje sa ke li sonje sou istwa tantasyon Adan ak Èv nan jaden an (Leson 1).

a. Fòk nou pote viktwa sou tantasyon—1 Jan 2:15-17

Men kijan sa ye, mande etidyan an pou-l li vèsè sa yo byen fò. Asire-w ou bay definisyon mo « monn » yo itilize nan pasaj sa a.

Diskite: *Ki siyifikasyon vèsè 17 la genyen? Poukisa li enpòtan pou nou sonje li?*

Pa gen anyen nan monn sa ki ka konpare ak lajwa etènèl ou genyen lè ou obeyi ak pawòl Bondye.

Ki twa kalite tantasyon ou wè ki mansyone la?

- **Dezi lachè**—Galat 5:16-18
Gade plis eksplikasyon anba.
- **Konvwatiz je nou yo**—Jòb 31:1
Kesyon y-ap diskite: *Kisa Jòb te vle di lè li te di: kè li te fè yon pak ak je li yo?*
- **Lògèy lavi a**—Pwovèb 16:18
Kesyon y-ap diskite: *Poukisa lògèy toujou mennen moun fè sa ki mal oubyen chite?*

Diskite siyifikasyon pasaj Galat 5:16-18 la.

Si Lesprisen an dirije abitud nou yo, li p-ap kite nou tonbe nan pechè lachè yo. Lachè se yon tèm ke nou jwenn nan ansyen Kontra ki pale sou nati peche k-ap chache pwòp plezi li epi ki t-ap domine nou anvan menm nou te aksepte Kris nan lavi nou. Konsa, « Lachè ak Lespri separe youn ak lòt ». Si nou kite Sentespri dirije desizyon ak aksyon nou yo. Nou p-ap bezwen lalwa ankò pou anpeche nou fè sa ki mal paske lavi nou ap anba yon bòn kondwit moral.

b. Viktwa sou tantasyon—Jak 4:7

Daprè vèsè sa nan liv Jak la, kisa ou dwe fè pou Dyab la ka kouri lwen-w?

Repons: *Reziste kont li! Jezi se te yon bon egzanp yon moun ki te reziste tantasyon lènmi an.*

Li Matye 4:1-11 (Gade nan vèsè 11 la « Menm kote a Dyab la kite li . . . »).

Kilès nan twa tantasyon Jezi yo ki te:

- **Dezi lachè?** *“Bay lòd pou wòch sa yo tounen pen.”*
Nòt: *Mete nan lespri-w Jezi te sot jène pandan 40 jou ak 40 nwit sa vle di kò li « chè ak zo » li te grangou!*
- **Lanvi?** *« li moutre li tout peyi ak richès monn nan »*
Nòt: *Imajine gwo dezi lè li wè tout wayòm sa yo nan monn nan epi li konnen ke yo t-ap vin pou li!*
- **Lògèy?** *« Li mete-l kanpe sou pwent fetay tanp la . . . Si ou se pitit Bondye, lage kò-w anba . . . Li va bay zanj li yo lòd pou veye sou ou ».*
Nòt: *Si Jezi te itilize pwisans pa-l pou-l tante Papa pou-l te ka moutre Satan sa-l di a l-ap voye zanj li yo pou sove li, Jezi t-ap itilize pwisans li nan lògèy.*

Kisa Jezi te fè chak fwa li te reziste ak tantasyon Dyab la?

Repons: Li repete pawòl Bondye, Mande etidyan an pou li jwenn twa deklarasyon « men sa ki ekri » Jezi te bay pou-l reziste ak tantasyon Satan. Referans Jezi te bay yo soti nan chapit 6 ak 8 liv Detewonòm.

Diskite: Ki leson nou ka tire nan sa Jezi te fè pandan twa fwas? (Li te itilize pawòl Bondye pou reziste anba tantasyon yo.)

c. Bondye pwomèt nou l-ap ede nou pote viktwa sou tantasyon—1 Koretyen 10:13

Kilès nan kat pwomès sa yo nou jwenn nan vèsè sa a? **Diskite:**

Repons: 4 pwomès yo!

- Tout moun tante menm jan ak nou.
- Bondye toujou kenbe pawòl li.
- Li p-ap kite yo tante nou yon jan nou pa ka sipòte-l.
- L-ap ban nou fòs pou nou ka soti anba tantasyon yo. (Men nou dwe chwazi chemen sa a.)

3. Mizèrikòd Bondye: Padon ak Pirifikasyon

Li definisyon “konfesyon” epi eksplike-l. Mo sa a soti nan 2 mo Grèk yo mete ansanm ki fè yon sèl mo, literalman li vle di “rakonte bagay la jan-l ye a.” Konfese peche nou vle di nou dakò ak Bondye (rakonte peche nou jan-l ye a devan Bondye) paske lè nou peche nou vyole lalwa moral Bondye yo ki sen epi nou fè Bondye fache anpil.

Li 1 Jan 1:9.

- **Kisa ou dwe fè pou ou resevwa mizèrikòd Bondye? Repons:** Konfese peche-w yo
- **Kisa Bondye dwe fè? Repons:** Li padone nou epi li pirifye nou

Li Sòm 32:1-5. Ak 1 Jan 1:9 nan lespri-w, kouman ou ka dekri eksperyans David la?

Pasaj sa a nan ansyen kontra bon apil pou fè limyè sou verite nou jwenn nan 1 Jan 1:9 epi mete yo an pratik nan lavi nou. David te konfese peche li yo epi Bondye te padone li. Eksperyans David la te pase depi plis ke 1000 lane anvan Jan te ekri lèt li a.

DISKITE:

Kisa ou panse fè lè ou tante pou tonbe nan peche?

Ou pa bezwen reponn imedyatman. Tavay avèk etidyan an pou ede-l etabli yon plan aksyon k-ap fè-l viv san peche menm nan moman tantasyon yo. Sa ka egzije kèk chanjman sou abitud nan lavi li k-ap fè-l rete lwen kèk sous tantasyon, menm jan ak ansyen zanmi ki pa kwè.

DEVWA:

Vèsè ou dwe konnen pakè evwa:

Kounyeya mande etidyan an pou-l li byen fò vèsè memorizasyon leson sa a. Asire-w ke li konprann sa vèsè a vle di. Fè-l sonje ke ou va revize avèk li tout vèsè li te aprann anvan ou kòmanse ak leson 8 la.

Lekti bibliki yo:

Fè-l sonje devwa, pou-l li paj 32. Si gen plis ke 7 jou depi nou te rankontre pou etid la, di etidyan an pou-l revize lekti li te genyen kòm devwa pito nan plas lekti ki te bay pou rankont k-ap vini an.

Preparasyon pou leson 8:

Tounen nan paj 20 epi byen gade materyèl la nan pati fonsè a gòch la. Di etidyan an pou-l li materyèl leson 8 la anvan lòt rankont yo epi pou-l prepare pou debat etid bibliki la. Sa mande pou-l li tout vèsè bibliki leson an epi reponn kesyon dapre enstriksyon sou deba yo. Genyen nan yo ki mande pou ekri repons yo, men gen lòt ki mande pou reflechi sou kesyon yo fason ou panse diskisyon leson yo va ye. Felisite etidyan an si li pran swen pou-l ekri repons sou kesyon yo nan ti liv la. Si li gen lide pou li pa fè sa, kontinye fè-l konnen pou li fè yo nan plas ki te deja rezève pou sa.

GID POU FOMATÈ A Chemen Lajwa a

FÈ PREMYÈ PA YO KÒM DISIP JEZI

GEN LAJWA NAN PATAJ:

Temwanyaj

8

ENTWODIKSYON
(Imaj fonsè ki nan bò gòch la)

Asire-w ou te li ak anpil swen paj 5 la epi byen prepare-w pou leson sa a daprè enstriksyon yo.

DISKITE:

Lekti bibliik yo epi revize vèsè ou te aprann nan.

Lekti bibliik yo: Kòmanse ak tout kesyon etidyan an te poze sou pasaj bibliik li te li yo. Ou ka teste konpreyansyon-l sou kèk konsèp kle nan pasaj sa yo, konsa w-ap asire-w ke li konprann san difikilte.

Vèsè memorizasyon: Anvan tout bagay mande etidyan an pou-l verifiye jan ou memorize vèsè a nan leson 7 la. Aprè sa verifiye si li kapab resite vèsè a pakè. Fòk ou gen pasyans, men se pou-w ensiste pou vèsè yo byen memorize. Se pou-w toujou yon bon egzanp pou li. Ou menm tou revize vèsè leson ou te fè anvan yo ak tout lòt vèsè ou te memorize deja yo ki nan pon lavi a. Si etidyan an chwazi pou-l pa memorize vèsè sa yo, mande li pou li verifiye fason ou kenbe vèsè sa yo.

DISKITE:

Kisa ou pè, lè ou panse pataje levanjil la?

Gen anpil repons ou ka jwenn pou kesyon sa a. Pran san-w pou-w tande tout repons yo ap bay, pote asistans pa-w, ankouraje etidyan an paske sa kapab ede-l voye jete tout pèrèz ki nan panse-l. Pou anpil kretyen, youn nan bagay ki konn fè yo pè nan kòmansman temwanyaj yo se paske yo pa konnen kisa yo dwe di, kidonk sa konn rann yo pè pou yo pataje temwanyaj lafwa yo. Leson sa a li fèt nan objektif pou prepare kretyen yo pou pataje temwanyaj yo epi fè evanjelizasyon pandan y-ap revize pwèn esansyèl yo ki genyen nan kontni levanjil la. Ak sa nou ka ede yo aprann 2 metòd yo ka metrize byen anvan yo antre nan aplikasyon evanjelizasyon an.

NÒT: Enstriksyon pou “Pon kwonolojik lavi a” (yo rele-l Pon Kwono) nan paj 30-31.

Nan premyè seksyon leson an pral genyen yon revizyon prezantasyon evanjelik pou kwonolojik la. Etidyan an dwe etidye paj 30-31 konsa pou-l ka prepare leson sa a kote yo pral mande-l pou-l prezante levanjil la pandan ke l-ap itilize ilistrasyon yo ki nan pon kwonolojik lavi a.

Materyèl sipò ou ka jwenn sou entènèt

De vèsyon Pon Kwononlojik Lavi a (Pon Kwono) disponib gratis sou entènèt nan sit sa a at www.GoodSoil.com/overview (on the 6th panel):

- Yon “klik sou” imaj Pon Kwono a.
- Pandan 10 minit w-ap ka gade ti video sa a.

Ou ka achete yon vèsyon ki dire pi plis tan ki sou DVD sou sit sa a www.goodsoil.com/resources: “kouman pou nou itilize Pon Kwono lavi a”.

PATI PRENSIPAL
(seksyon santral yo)

1. Konnen verite yo ki se pilye levanjil la

Li enstriksyon yo ki nan premyè paragraf la. Si etidyan an poko fini ak aktivite ekri sa a yo bay nan seksyon 1 an (Ekri 8 verite esansyèl yo ki nan pon an nan paj 21 an) fè-l fè yo tou aprè sa a.

Verite ki se pilye Gwo Istwa nan Bib la



Pratik: Ann di ke pwofesè-w la pa kretyen. Eksplike li chemen li dwe pase pou li rive nan lafwa, kouman pou-l travèse pon ki soti nan lanmò espiyèl la pou li rive nan lavi espiyèl la. Pran 8 pasaj kle nou gen nan pwosesis la kòm referans. (repete yo oubyen li yo).

Retounen nan paj 8-9 pou egzèsis prezantasyon levanjil la. Se yon moman tou pou yo fòm etidyan an pou-l ka vini yon moun yo ka fè konfyans nan prezantasyon levanjil la. Chak fwa l-ap gide-w atravè pon kwonolojik la, fè-l fè yon ti kanpe lè sa posib ede-l pou-l ka fè prezantasyon-l yo pi byen tan-zan-tan. Ankouraje-l pou-l louvri Bib la epi mande-l pou-l li byen fò vèsè yo, se kòm si li t-ap prezante yon temwanyaj reyèl.

Si li ta bezwen yon lòt egzèsis, ou ka kòmanse ak leson 9 la yon revizyon nan pwosesis la.

2. Prepare Istwa Lafwa Pèsonèl ou

Eksperyans nou te fè ak **Chemen Lajwa** moutre pandan plizyè fwa aktivite ki gen nan seksyon sa a se youn nan ekzèsis ki pi enpòtan pandan tout dire etid la. Sepoutèt sa, yo pral mande-w pou-w asiste etidyan an lè l-ap fè aktivite sa a.

Li pa sèlman yon meyè metòd pou prezante levanjil la, li se yon istwa pèsonèl ki itil pou ede kretyen yo tou, konsa pou yo ka evalye reyalye sa a ki se lè yo mete lafwa yo nan Jezi. Pandan prezantasyon sa a ap fèt, se pa yon bagay k-ap etranj pou yon kwayan ki déjà kwè nan Jezi pou-l kòmanse reyalye istwa lafwa-l pa dwat dapre prensip bibliik yo.

Gen kèk legliz ki itilize **Chemen Lajwa a**, yo kòmanse mande kandida batèm yo pou yo ekri istwa lafwa yo dapre sa yo ekri la nan leson an. Sa pa sèlman ede yo pou yo ka rakonte eksperyans Sali yo nan legliz la, men tou sa prepare yo pou yo ka pataje temwanyaj lafwa yo nan Kris ak lòt moun ki pa kwè yo.

Li 2 premyè paragaf ki nan seksyon 2 a. Aprè sa, li chak pwen ki gen nan ribrik la, "Sijasyon jeneral". Diskite epi eksplike chak pwen sa yo.

Diskite: Èske ou gen kesyon sou preparasyon istwa lafwa-w?

Fòk ou asire-w etidyan an konprann byen konsèp istwa lafwa. An-n kontinye pandan ke n-ap eksplike epi debat twa etap ki gen nan tit sa a "mete lòd nan istwa lafwa-w."

Pataje istwa lafwa pèsonèl ou menm jan ou te devlope-l dapre enstriksyon yo te bay nan leson an. Toutan ou bay pi bon randman nan pataje istwa lafwa-w, se plis etidyan an li menm ap pi serye nan devlope istwa pa-l tou.

Pran yon ti tan pou-w ede etidyan an kòmanse ekri istwa lafwa-l. Nan lòt rankont yo, kontinye ak li jiskaske li ekri yon istwa lafwa k-ap fè apèl ak kontak li yo ki gen pou vini ak yon kominikasyon klè sou Levanjil la. Objektif ou se pou etidyan an devlope yon istwa ki solid anvan seri etid la fini epi, fòk li kapab rakonte-l byen klè. Li enpòtan anvan etid la fini pou-l ta kòmanse itilize istwa lafwa-l nan kèk okazyon reyèl.

Lè ou fini, vin prezante li devan fòm matè-w la.

Nan seri etid sa a, etidyan an gen pou-l devlope istwa lafwa-l, fè-l pratike pandan l-ap rakonte-w li. Si-l fè fòt korige-l ak tout sa jès epi ankouraje-l pou-l pi byen prezante pwochè fwa jiskaske li vin bon nèt nan aktivite sa a.

3. Kòmanse pataje levanjil la

Fè yon lis non dis oubyen ven moun ki pa kretyen epi toujou ap priye pou chak grenn endividyèlman.

Moutre li list lapriye pa-w. Nan rankont sa a, ede-l reflechi sou non moun li ta renmen mete nan lis li a.

Prezante levanjil la dapre plan pa-w.

Toutan-w te ka temwanye pi rapid pou yo li t-ap pi bon. Mande li pou-l pataje ak ou non moun sa yo li chwazi pou-l rakonte istwa-l la anvan. Nan kòmansman leson an epi pandan leson an ap dewoule, priye ansanm ak li pou moun yo ki nan lis li a. Mande-l pou-l mete yon dat kote li ta renmen pataje levanjil la ak moun sa yo.

Pataje levanjil la dapre plan ou te fè.

Mande-l pou-l fè-w konnen ki rezilta li jwenn nan efò li te fè pou-l bay temwanyaj li. Lè-l va gen okazyon pou-l

prezante moun sa yo levanjil Kris la, mande-l bay yon rapò sou fason aktivite sa te dewoule. Yon lòt bagay tou, ou dwe bay plis enstriksyon si sa nesesè. 8

DISKITE:

Kouman e kilè ou panse w-ap kòmanse pataje levanjil la swake ou itilize istwa lafwa-w oubyen "Pon Kwonolojik" la?

Petèt kesyon sa a te deja souve nan deba yo nan leson 3. Si-l pa ta ko fèt tou, eseye fè etidyan an etabli kèk bi kounyeya menm pou temwanyaj la.

DEVWA:

Vèsè ou dwe konnen pakè evwa:

Mande etidyan an pou-l li byen fò vèsè ki mache ak leson sa a. Asire-w ke li konprann sa vèsè a vle di. Fè-l sonje ke ou va revize tout vèsè li te aprann yo anvan kòmansman leson 9 la.

Lekti bibliik yo:

Fè etidyan an sonje devwa, li genyen pou-l li paj 32. Si genyen plis ke 7 jou depi lè nou te rankontre pou etid la, di etidyan an pou-l li sa li te li déjà yo pito.

Preparasyon leson 9 la:

Tounen nan paj 22 a epi byen gade sa ki genyen nan pati fonsè agòch la. Di etidyan an pou-l li tout sa ki nan leson 9 la anvan lòt rankont yo epi pou-l prepare pou deba etid bibliik la. Sa mande pou-l li tout vèsè bibliik leson an epi reponn kesyon dapre enstriksyon yo sou diskisyon yo. Genyen nan yo ki mande pou ekri repons yo, men gen lòt ki mande pou reflechi sou yo.

GID POU FOMATÈ A Chemen Lajwa a

FÈ PREMYÈ PA YO KÒM DISIP JEZI

GEN LAJWA NAN VIV ANSANM: **Legliz lokal**

9

ENTWODIKSYON
(Imaj fonsè ki nan bò gòch la)

Asire-w ou te li ak anpil swen paj 5 la epi byen prepare pou lesan sa a dapre enstriksyon yo.

DISKITE:

Lekti bibliik yo epi revize vèsè ou te aprann nan.

Lekti bibliik yo: Kòmanse ak tout kesyon etidyan an te poze sou pasaj bibliik li te li yo. Ou ka teste konpreyansyon-l sou kèk konsèp kle nan pasaj sa yo, konsa w-ap asire-w ke li konprann san difikilte.

Vèsè memorizasyon: Anvan tout bagay mande etidyan an pou-l verifye jan ou memorize vèsè a nan lesan 8 la. Aprè sa verifye si li kapab resite vèsè a pakè. Fòk ou gen pasyans, men se pou-w ensiste pou vèsè yo byen memorize. Se pou-w toujou yon egzanp pou li. Ou menm tou revize vèsè lesan ou te fè anvan yo ak tout lòt vèsè ou te memorize deja yo ki nan pon lavi a. Si etidyan an chwazi pou-l pa memorize vèsè sa yo, mande li pou li verifye fason ou kenbe vèsè sa yo.

DISKITE:

Anvan ou te sove ki opinyon ou te gen sou Legliz? Kisa ki chanje opinion-w kounyeya?

Li t-ap enpòtan pou-w konnen repons etidyan an sou kesyon sa a paske ka gen kèk koreksyon ou ta dwe pote sou konsepsyon li te genyen sou legliz anvan, epi rann ni klè pou li nan lesan sa a. Li enpòtan anpil, depi nan premyè jou fòmasyon ki gen rapò ak lavi kretyen yon disip, pou-l konnen byen kisa yon legliz lokal ye, wòl legliz la dapre plan Bondye, ak angajman li genyen nan legliz la, jan yo defini-l nan lesan an.

PATI PRENSIPAL
(seksyon santral yo)

Seksyon anlè a: (pati blanch la)

Mande etidyan an pou-l li byen fò definisyon yon legliz lokal dapre sa Bib la di, yo bay li nan seksyon blanch la nan paj 22-23. Tounen sou definisyon sa a (yon lide sou lafwa), epi eksplike chak pati nan definisyon an. Li enpòtan pandan moman lesan an pou etidyan an konprann sa tèks la vle di lè y-ap pale sou Legliz oubyen Legliz lokal.

Nan lesan sa a ak lòt kote nan liv la, tèm sa yo fè referans ak yon legliz k-ap fè tout efò pou li fè sa ki di nan definisyon an, menm lè nou ka di efò sa yo pa pafè. Definisyon yo bay la se yon bagay ki entansyonèl ou dwe konnen sa. Yon definisyon ki bay plis detay sou legliz lokal ak etid eklezyoloji a (doktrin legliz la) dwe antre nan yon fòmasyon nivo siperyè pou disip yo.

1. Batèm kretyen an

a. Siyifikasyon batèm nan—Women 6:4

Chache twa fraz nan Women 6:4 ki ilistre imaj ki adwat la. **Ekri** deskripsyon chak ilustrasyon sa yo dirèkteman sou liy ki anba. **Après sa diskite** chak fraz.

- “Nou antere ak li nan batèm nan lanmò li...”
- “Menm jan Kris te leve vivan nan lanmò pou glwa Papa li...”
- “Se menm jan n-ap mache nan yon lavi nouvèl.”

b. Règleman ki gen nan batèm—Travay 16:30-33

Kisa yon moun dwe fè anvan li resevwa batèm? (gade vèsè 30-31.)

Repons la se: «*Mete konfyans ou nan Senyè Jezi ou va sove. . .*»

Diskite: Batèm pa sove ou, men li senbolize sa Kris te fè pou ou.

Dapre Efezyen 2:8-9, Sali a se yon kado gratis se pa anyen nou fè ki bon pou kado sa a. Batèm nan se yon aksyon

ki moutre obeyisans kwayan ki mete konfyans li nan Jezi, kwayan fè sa pou-l deklare devan tout moun oubyen piblikman li pran desizyon pou li idantifye-l ak Kris nan lanmò li, nan antèman li ak rezireksyon li. Ou ka toujou fè referans ak malfèktè ki te sou lakwa bò kote Jezi a nan lesou 1 an. Jezi te fè-l pwomès li pral avèk li nan paradi a, menm lè li pa-t gen okazyon pou-l te batize.

2. Travay Legliz Lokal

Nòt: Ilistrasyon ki nan paj 22 a rezime twa objektif yon legliz lokal genyen li prezante yo nan pwèn c. paj 23.

a. Idantifye-w ak yon Legliz lokal—Travay 2:41

Vre ou Fo (kwoche yon repons) aprè sa diskite: Batèm nan pa sèlman idantifye-w ak Kris, nan lanmò li, nan antèman li ak nan rezireksyon li, men li idantifye-w tou ak yon kò oubyen yon gwoup kretyen nan zòn ou ke yo rele Legliz lokal.

Kretyen yo reflechi diferan sou relasyon ki genyen ant batèm ak legliz lokal. Egzanp, èske Kris te gen entansyon pou se moun ki reprezante legliz lokal la (si ou ta konpare yon kwayan ki batize yon lòt kwayan) ki ka fè batèm? Èske li te gen nan plan-l moun ki batize nan legliz lokal la se la yo dwe rete kòm manm sèlman? San nou pa antrè nan yon diskisyon sou sijè sa a li t-ap pi bon si nou dit:

- Batèm nan, nan Nouvo Testaman, li sanble ak yon òdonans yo bay legliz lokal yo men, se pa moun k-ap fè batèm nan. Egzanp: Filip, Pyè ak Pòl mesye sa yo se reprezantan legliz lokal yo te ye. Men lè yo t-ap batize yon moun ki fenk konvèti (nan liv Travay Apòt) yo te konn suiv prensip legliz lokal kote yo te konn sèvi a.
- Nan anpil egzanp ki nan Nouvo Testaman, pou nou pa di tout, li sanble batèm nan bay kwayan yon nouvo idantite lè fin resevwa batèm.

b. Asanble kretyen an toujou nan Legliz—Ebre 10:24-25

Poukisa li enpòtan pou-w toujou patisipe nan sèvis asanble Legliz lokal la?

Nan tèks sa a nou jwen yon asanble kretyen se kote yo pratike lanmou ak bon zèv. Yo ankouraje youn lòt. Nou sèten gen lòt rezon nou pa jwenn nan tèks la : yo chante epi adore, yo aprann pawòl Bondye, yo prezante ofrann yo bay Bondye, yo mete sa yo genyen ansanm, sa ranfòse temwanyaj yo, yo chache satisfè swaf espiyèl monn nan ak espwa Senyè a, eksetera...

Kidonk, sou pwèn sa a, ansiste etidyan an pou-l patisipe toutan nan kominyon fratènèl nan legliz lokal la. Yon kominyon ki gen rapò ak definisyon yo bay anlè nan paj 22 -23. Ou kapab ede-l chache yon kalite legliz lokal konsa.

c. Objektif yon Legliz lokal bibliik

Ale nan dyagram ki nan paj 22 a pandan etid la pou twa objektif sa yo.

Fikse bagay ki anwo: Li moutre ou kijan pou-w adore nan Lespri ak nan verite—Jan 4:23-24

Gen anpil bagay nan Ansyen Testaman pou nou aprann sou adorasyon kolektiv nan tan pèp Izrayèl la. Men nou pa jwenn twòp bagay sou zafè adorasyon kolektiv nan nouvo testaman, men nan kèk okazyon yo konn chante kèk chan, lapriyè, louwè lè kretyen yo reyini ansanm. Genyen anpil agiman sou zafè sa a, men tou pou nou di adorasyon kolektiv la se te yon pratik entegral nan legliz neyotestamantè menm si yo te konn reyini nan kay, obligatwaman asanble sa yo te redwi, sa te konn rann kilt yo enfòmèl tou.

Jezi, nan rankont li ak fanm samaritèn nan, li t-ap pale sou yon tan ki gen pou vini kote moun k-ap adore tout bon yo (vrè kretyen yo) pral adore Papa nan lespri ak nan verite, epi adorasyon an p-ap rete sèlman nan Jerizalèm (gade vèsè 21-22). San dout li t-ap pale sou legliz lokal ki ta pral miltipliye, epi adorasyon an pral fèt nan yon fason pou yo rekonèt reyalyite a Jezi se Lespri, kidonk adorasyon n-ap ofri bay Bondye dwe soti nan fon kè nou san ipokrizi. Yon legliz lokal tout bon dwe sansib anpil sou 2 aspè sa yo ki gen nan adorasyon an.

Wè moun ki nan mitan yo: Fòme ou pou-w ka fòme lòt moun—Efezyen 4:11-12

La Pòl fè nou konnen Bondye mete moun ki kapab nan legliz (apòt, pwofèt, evanjelis, pastè ak doktè oubyen pastè ak anseyan). Wòl prensipal ke yo genyen se pou yo fòme kreyen yo (« Sen yo ») pou yo ka travay nan ministè a pou kò Kris la ka edifye (espirityèlman, rete djanm, epi pou-l gen matirite). Kidonk, youn nan premyè fonksyon legliz lokal ak moun k-ap dirije-l yo se anseye ak fòme moun k-ap pèsevere ladann yo konsa pou yo ka fè travay legliz la byen, pou yo pa sèlman kite responsabli yo sou do dirijan yo. Se yon bon moman pou-w fè etidyan an konnen li dwe patisipe nan youn oubyen plizyè travay nan Legliz lokal la.

Wè moun ki deyò yo: Voye-w ale chache sa yo ki pèdi—Mak 16:15

Anpil fwa nou poze kesyon sa a « kilès yo te bay gran komisyon an, Legliz lokal oubyen kreyen ki gen tit yo? » meyè fason pou nou reponn se etidye liv Travay apòt yo pou nou wè jan yo te reponn nan premyè legliz la. Menm si nan liv Travay nou wè kòman anpil moun t-ap pataje levanjil la, men jeneralman yo te fè pati yon Legliz lokal ki te prepare epi fòme yo pou travay sa.

Aktivite ak revizyon: Mande etidyan an kòman li kapab itilize ilustrasyon yo ki nan paj 22 a pou-l eksplike fonksyon yon legliz lokal ak yon moun ki fenk konvèti.

3. Manje Senyè a

a. Manje Senyè a mete inite nan mitan kreyen yo—1 Korentyen 10:16-17

Kouman ou ka di patisipe nan manje Senyè a ini kreyen yo nan Legliz lokal la?

Mo “kominyon an” gen rapò ak amitye epi inite. Kominyon an se yon tan legliz lokal la mete apa pou kreyen yo reyini ansanm pou komemore lanmò Sovè Jezikri. Nou jwenn lide sa a nan vèsè 17 la. Nòmman, se ta dwe yon tan pou tout divizyon piti kou gwo nan legliz la rezoud, tout ti rankin mete yo akote.

b. Objektif manje Senyè a—1 Korentyen 11:23-26

Pou kreyen yo: Pou yo ka sonje lanmò Kris la. Ki enpòtans sa gen pou nou toujou sonje lanmò Kris la?

Pou nou ka sonje travay Jezi te fè sou lakwa, li te sove nou epi lave peche nou, sa pouse nou ba-l tout adorasyon nou yo. Sa moutre nou tou yon imilite ki san parèy Jezi te anseye nou. Pyè fè nou konnen tou sa ede kreyen yo fè fas ak tout lide negatif nan lavi yo lè yo bliye ansyen peche yo ki deja padone (2 Pyè 1:8-10). Manje Senyè a dwe yon moman pou nou ekzamine tèt nou epi konfese peche pèsònèl nou yo (petèt peche kominote a tou). (Gade 1 Korentyen 11:28-32.)

Poun moun ki pa kreyen yo: Pou yo ka wè n-ap pwoklame lanmò Kris la. Kouman manje Senyè a pwoklame lanmò li pou moun ki pa kreyen yo?

Lè-l byen prepare, tab Senyè a (kominyon) se yon gwo mesaj moun ka wè ki gen rapò ak siyifikasyon epi pouvwa lanmò Kris la. Se sèlman kreyen yo ki ka patisipe paske yo idanfyè ak Kris nan lanmò ak rezireksyon li, ki pa menm bagay pou moun ki pa kreyen yo. Pen an ak diven an se senbòl vivan lanmò Kris la, kò-l ki te rache ak san-l ki te koule. Seremoni batèm nan dwe gen menm efè pou levanjil la.

DISKITE:

Èske gen bagay ou pa konpran nan deskripsyon Legliz lokal la nan jan li defini an?

Sèvi ak kesyon sa a pou-w ka fè revizyon sou konsèp nou te aprann yo, men ki pa-t twò klè pou etidyan an, oubyen tou deba sou kesyon ki gen rapò ak legliz lokal nou pa-t jwenn nan leson sa a.

Èske ou identifiye-w ak Kris oubyen yon Legliz lokal déjà ? Si ou poko, ou vle fè sa kounyeya?

Kèlkeswa nivo etidyan an ka ye nan lavi kretyen-l, l-ap difisil pou-l jwenn yon rezon valab ki pou fè-l pa batize epi pou li pa bay patisipasyon-l nan sèvis yon bon legliz lokal, si li gen yon legliz tou prè-l li ka ale pi fasil sa t-ap bon pou li. Si youn oubyen 2 aksyon obeyisans sa yo pa rive fèt, fòk ou ensiste-l sou sa a, avèk lanmou ak seryozite, sou obeyisans ak obligasyon bibliik ak Kris nan 2 domèn sa yo.

DEVWA:

Vèsè ou dwe konnen pakè evwa:

Mande etidyan an pou-l li byen fò vèsè ki mache ak leson sa a. Asire-w ke li konprann sa vèsè a vle di. Fè-l sonje ke ou va revize tout vèsè li te aprann yo anvan kòmansman leson 10 la.

Lekti bibliik yo:

Fè etidyan an sonje devwa, li genyen pou-l li paj 32. Si genyen plis ke 7 jou depi lè nou te rankontre pou etid la, di etidyan an pou-l li sa li te li déjà yo pito.

Preparasyon leson 10 la:

Tounen nan paj 24 la epi byen gade sa ki genyen nan pati fonsè agòch la. Di etidyan an pou-l li tout sa ki nan leson 10 la anvan lòt rankont yo epi pou li prepare pou deba etid bibliik la. Sa mande pou-l li tout vèsè bibliik leson an epi reponn kesyon dapre enstriksyon sou diskisyon yo. Genyen nan yo ki mande pou ekri repons yo, men gen lòt ki mande pou reflechi sou yo.

GID POU FOMATÈ A Chemen Lajwa a

FÈ PREMYÈ PA YO KÒM DISIP JEZI

GEN LAJWA NAN OBJEKTIF: **Plan Bondye Pou ou**

10

ENTWODIKSYON
(Imaj fonsè ki nan bò gòch la)

Asire-w ou te li ak anpil swen paj 5 la epi byen prepare pou leson sa a daprè enstriksyon yo.

DISKITE:

Lekti bibliik yo epi revize vèsè ou te aprann nan.

Lekti bibliik yo: Kòmanse ak tout kesyon etidyan an te poze sou pasaj bibliik li te li yo. Ou ka teste konpreyansyon-l sou kèk konsèp kle nan pasaj sa yo, konsa w-ap asire-w ke li konprann san difikilte.

Vèsè memorizasyon: Anvan tout bagay mande etidyan an pou-l verifye jan ou memorize vèsè a nan leson 9 la. Aprè sa verifye si li kapab resite vèsè a pakè. Fòk ou gen pasyans, men se pou-w ensiste pou vèsè yo byen memorize. Se pou-w toujou yon egzanp pou li. Ou menm tou revize vèsè leson ou te fè anvan yo ak tout lòt vèsè ou te memorize deja yo ki nan pon lavi a. Si etidyan an chwazi pou-l pa memorize vèsè sa yo, mande li pou li verifye fason ou kenbe vèsè sa yo.

DISKITE:

Poukisa Bondye pa anik fè-w moute nan syèl lè-w fin sove?

Men sa ki di, «n-ap viv isit sou latè, men nou pa nan lanfè akòz gras Bondye, men tou nou ap viv isit sou latè nou pa nan syèl, konsa pou nou ka akonpli gwo komisyon an.» eksplike Bondye kite nou sou latè pou yon bi byen detèmine. Li gen yon plan pou nou epi plan sa a li makonnen ak gwo komisyon an. Nan leson sa a nou pral etidye, senk objektif gwo komisyon an.

KÒMANSE ak enstriksyon ki nan tèt la.

Nan leson 8 ak leson 9 la, nou te etidye 2 objektif Bondye vle pou kretyen an atenn nan lavi li. Ou te kòmanse leson an ak fraz sa a “gen lajwa nan objektif” si-w ta fè yon ti revizyon tou kout sou 2 leson sa yo. Gade enstriksyon yo pou-w ka wè jan yo mande-w fè-lt.

Kòman pou nou abòde kontni yo nan leson an nan seksyon prensipal yo ki nan paj 24-25?

Premyèman—

Repase kontni ki gen nan leson sa a pandan w-ap debat 5 ilustrasyon yo (kòmanse nan premyè a ki se evanjelizasyon pèsònèl pou rive nan dènye a ki se sèvis misyonè). Pou-w ka fè-l, kòmanse leson an pandan w-ap eksplike chak ilustrasyon yo (anvan ou li objektif yo nan pati blanch ki nan tèt paj la).

- W-ap eksplike “**Bondye gen yon plan pou ou nan...**” (paj 24)
 1. Evanjelizasyon pèsònèl
 2. Ministè Legliz lokal
 3. Fòmasyon pèsònèl disip yo
- W-ap eksplike “**Pètèt Bondye gen yon plan pou ou nan...**” (paj 25)
 4. Plante nouvo Legliz
 5. Sèvis misyonè

Dezyèmman—

Li istwa gwo komisyon an nan Matye 28:19-20 kòm nou wè li nan mitan paj 24-25 (sou liy ilustrasyon yo).

Aprè sa, debat pawòl sa a: **Daprè Matye 28 se “Evanjelizasyon” Liv Travay Apot yo**

menm se Evanjelizasyon ki gen pou objektif plante Legliz”.

Menm si nou pa jwenn ekspresyon enplantasyon legliz nan Matye 28 (ni yon lòt kote nan Bib la), aktivite 2 vèsè sa yo dekri sa ke nou konnen kòm enplantasyon legliz. Komisyon nou te resevwa se mache fè disip nan tout nasyon, batize yo epi anseye yo pawòl la . . . sa se travay legliz lokal la. Lè n-ap li liv Travay Apòt yo nou konstate aktivite yo fèt nan kontèks travay legliz lokal. Anpil eksperyans nan istwa legliz la ranfòse enpòtans legliz la nan lavi kretyen yo. Nou aprann kretyen an devlope yon pi bon lavi kretyen lè li patisipe aktivman nan yon legliz ki kwè nan Bib la, k-ap preche levanjil epi ki kwè nan travay misyonè.

Ekspresyon “misyon enplantasyon legliz la” defini yon apwòch evanjelizasyon, dapre lide sa a, moun ki fenk konvèti yo se yon entansyon ak yon estrateji pou fè yo jwenn yon legliz lokal, menm jan nou te wè-l nan leson 9 la. Si-l pa gen yon legliz solid nan kominote a, nouvo kretyen yo ap chache mete soupye yon legliz nan zòn nan, menm jan nou te wè-l nan leson 9 la, yon Legliz lokal se yon Legliz k-ap evolye nan kilti li oubyen lòt kote nan monn nan.

Evanjelizasyon ki gen pou objektif enplantasyon Legliz li diferan ak evanjelizasyon para-eklezyal, ki pa bay twòp enpòtans ak wòl legliz lokal la nan lavi kwayan.

Yon aspè enpòtan “nan evanjelizasyon enplantasyon Legliz la” se fòme nouvo kwayan yo, moutre yo kisa Sali a ye, responsablite yo nan evanjelizasyon, nan fòmasyon pèsònèl disip yo, ak patisipasyon yo nan legliz oubyen enplantasyon legliz la (si pa gen legliz nan zòn nan).

Twazyèmman—

Retounen nan 2 premyè objektif yo nan seksyon blanch ki nan tèt paj la (gade enstriksyon ki anba yo) fè yon ti revizyon tou kout.

Seksyon ki nan tèt anlè a: (pati blanch la)

1. Evanjelizasyon pèsònèl

Retounen nan leson 8 la (paj 20-21) fè yon ti revizyon tou kout.

Diskite: Eksperyans ou te fè ki gen rapò ak evanjelizasyon pèsònèl e travay legliz lokal depi lè nou t-ap etidye leson 8?

Mande etidyan an pou-l pataje tout eksperyans li te fè pandan-l t-ap pataje **pon kwonolojik lavi a** oubyen istwa lafwa pèsònèl li. Ou kapab toujou verifiye pwogrè li fè nan devlopman lis priyè pou evanjelizasyon an.

2. Ministè Legliz lokal

Retounen nan leson 9 la (paj 22-23) fè yon ti revizyon tou kout.

Diskite: Eksperyans ou te fè ki gen rapò ak evanjelizasyon pèsònèl e travay legliz lokal depi lè nou t-ap etidye leson 9?

Pwofite ti tan sa a pou-w fè yon suivi sou repons etidyan an nan leson ki te pase a ki pale sou patisipasyon-l nan Legliz lokal.

Katriyèmman—

Etidye aktivite ou jwenn nan seksyon 3,4 ak 5.

3. Fòmasyon pèsònèl disip yo

Diskite:

- Kisa “fòmasyon disip yo ye?”

W-ap eksplike pwosesis sa a, yon kretyen ki gen matirite gen kapasite pou-l fòme yon lòt kretyen ki poko gen matirite menm jan ak li, konsa, l-ap vin yon kretyen djanm nan lafwa. Alèkile, kretyen sa a ap vin gen abitud lapriyè chak jou, li pawòl Bondye, tan-zan-tan l-ap sanble ak Kris pi plis, l-ap preche pawòl la epi l-ap fòme lòt moun pou yo ka vin disip tou paske li vin djanm nan lafwa.

• **Kimoun ki dwe resevwa “fòmasyon kòm disip?”**

W-ap eksplike tou moun ki fenk konvèti oubyen kwayan ki pa grandi nan lafwa, yo bezwen fòme kòm disip jiskasko yo rive nan yo nivo nan lavi kretyen kote yo kapab fòme lòt moun pou vin disip tou.

• **Kimoun ki ka “fòme disip yo?”**

W-ap eksplike tout kretyen ki gen matirite (se pa pèfeksyon nou mande), moun ki fòme sou plan espiyèl ak bon edikasyon tankou sa nou te wè nan dènye lesan an, moun ki kapab epi ki ka pran angajman pou yo fòme lòt moun.

a. Batize yo...

Li e diskite sou de objektif batèm genyen. Si nou twouve sa nesèsè, revize enfòmasyon ki pale sou “Batèm Kwayan an” ke nou jwenn nan paj 22-23.

b. Moutre yo pou yo obsève...

Li epi diskite sou 2 Timote 2:2.

W-ap eksplike vèsè sa a bay plis eksplikasyon sou pwosesis kòman fòmasyon disip yo dwe fèt pase tout lòt vèsè ki nan Bib la. Mande: “konbyen jenerasyon kretyen yo site nan vèsè sa a?” (Repons: pou pi piti 4)

• **Kimoun ou ka fòme kòm disip?**

Ankouraje etidyan an pou-l panse ak yon moun ki bezwen fòme epi moun sa a li te ka kòmanse ak li nan pwosesis fòmasyon disip yo. Pou byen di-w, se petèt yon moun li te mennen vin jwenn Kris, oubyen tou anpil lòt kretyen ki pa grandi nan lafwa.

• **Kouman ou ka fè sa a?**

*Fè etidyan an konnen kounya li ka anseye nenpòt ki moun **Chemen Lajwa a**, menm jan yo te anseye-l li a tou. Sa ki pi bèl, fè-l konnen w-ap disponib pou-w ede-l nan ka sa a, oubyen tou w-ap la pou-w ede-l si li bezwen konsèy ak ankourajman nan men-w, kidonk ou touprè pou-w ba-l tout sipò-w.*

• **Kilè ou ka kòmanse?**

Objektif kesyon sa a se fè etidyan an reflechi sou plizyè objektif byen presi k-ap dire yon ti bout tan olye ke pou-l al panse ak yon pakèt bagay k-ap pran yon pakèt tan.

4. Bay èd ou pou kòmanse ak nouvo Legliz lokal

Li tèks ki anba tit sa a. Diskite sou tout bagay ki pa-t klè nan debat ki sot fèt la sou « Evanjelizasyon enplantasyon Legliz. »

Diskite: Kijan ou ka mete ansanm pasaj Matye 28 la ak plantasyon Legliz?

Pou-n louvri deba, si sa nesèsè an-n gade tèks nou te wè anvan sou “evanjelizasyon enplantasyon Legliz”.

Diskite: Èske gen nesèsite pou plante yon nouvo Legliz nan kominote-w la oubyen nan zanviwon an? Èske gen yon gwoup moun ki poko tande levanjil preche nan zòrèy yo ditou, epi yon nouvo Legliz t-ap bon pou yo?

Nou toujou ap reflechi kòman pou nou plante nouvo legliz menm jan misyonè yo ap fè-l nan lòt peyi ak lòt kilti. Men tou, zafè plante nouvo legliz la se yon obligasyon tout moun ki di yo se kretyen dwe patisipe, nan objektif pou yo ka fè enpak nan kominote kote ki pa gen legliz lokal.

Gen yon ansyen pwovèb jwif ki di gen twa bagay yon moun dwe fè pou yo ka sonje-l nan lavi:

- Leve yon timoun.
- Plante yon pyebwa.

- Ekri yon liv.

Kòm kreyen, nou dwe ajoute twa bagay nou ta dwe fè ki ka gen enpak sou lavni nou jouk rive nan letènite:

- Mennen yon moun vin jwenn Kris.
- Fòme yon kreyen ki pa gen matirite pou-l ka grandi nan lafwa.
- Patisipe nan plantasyon nouvo Legliz.

5. Sèvis Misyonè

Diskite: Mande Bondye si li vle ou devni yon misyonè nan lavi-w pou-w ka al fè disip nan lòt peyi.

Se vre, Bondye pa vle pou nou tout kite tè natal nou pou nou al sèvi-l nan yon lòt peyi. Men yon bon tè ki moutre fason nou koube anba lòd Senyè a, se obeyi li. M-kwè li t-ap pi bon pou nou di Bondye nou prè pou-n ale kèlke swa kote ou voye nou sou latè, kote ou wè nou ka konvenk moun ak pawòl ou pou Jezikris pitit ou.

Kounya la, ou ka mande etidyan an èske-l prè pou-l priye epi mande Bondye pou-l sèvi ak li nenpòt kote sou latè kote lavi-l kapab ba li glwa. Si li aksepte, pa pran tan pou-w priye ak li.

DISKITE:

Èske ou entèrese pou ou fè plis etid Konsa pou-w va gen plis konnesans nan pawòl Bondye?

Si etidyan an entèrese epi li vlè kontinye ak plizyè lòt etid bibliik, priye epi planifye ak li. Nan ka sa a li ka ale nan yon lekòl bibliik nan lokalite a oubyen yon lòt kote pou-l aprann plis nan pawòl Bondye pou-l ka pi byen prepare. Sa vle di, ou menm pèsoneyman kòm fòmè, ou ede-l jwenn yon nivo fòmasyon siperyè nan zafè fòmasyon disip yo.

DEVWA:

Nou konseye-w pou-w planifye yon dènye rankont ak etidyan an pou-w:

- Revize tout vèsè memorizasyon yo ki nan dis leson yo ak li.
- Revize prezantasyon-l la nan **Istwa Esperans la** (leson 1 an).
- Revize prezantasyon-l la nan **pon kwonolojik lavi a** (leson 8).
- Revize prezantasyon istwa pèsonel lafwa-l (leson 8).
- Fè yon plan lekti ka-p dire lontan.
- Fè-l konprann patisipasyon-l nan 5 objektif yo te debat nan leson 10 la.

Vèsè ou dwe konnen pakè evwa:

Mande etidyan an pou-l li byen fò vèsè ki mache ak leson sa a. Asire-w ke li konprann sa vèsè a vle di. Fè-l sonje ke ou va revize tout vèsè li te aprann yo nan kòmansman dènye rankont la.

Lekti bibliik yo:

Fè etidyan an sonje devwa, li genyen pou-l li paj 32. Si genyen plis ke 7 jou depi lè nou te rankontre pou etid la, di etidyan an pou-l li sa li te li déjà yo pito olye ke pou-l li sa ki pral nan pwochèn rankont la. nan dènye rankont la, ede etidyan an devlope yon plan lekti bibliik pou lòt ane ki gen pou vini yo.

Lòt dokiman enpòtan ou ka li:

Pou-w ka ankouraje etidyan an ou kapab ba li yon egzanplè liv John Piper ki gen pou tit, « Et si je ne gâchais pas ma vie ». Yon tradiksyon Maison la Bible disponib nan libreri ou abitye achte. Nan liv sa a nou jwenn yon lòt defi anplis sa nou te etidye nan seri etid la, espesyalman li ranfòse leson 10 la. Ajoute yon nòt ankourajman lè w-ap siyen.